**Ózbekstan Respublikası xalıq bilimlendiriw wázirligi**

**Ájiniyaz atindaǵı Nókis Mámleketlik pedagogıkalıq institutı**

**Baslawish tálim kafedrası**

**Joldasova Gózzal**

**‘’ Baslawısh bilimlendiriwde pánlerdi integraciyalawdiń áhimiyeti ‘’ temasındaǵI magistrlik**

***DISSERTACIYASI***

**Ilmiy basshı ;** **M.K.Ayimbetov**

**Qaraqalpaqstan Respublikasinda xızmet**

**kórsetken ilim ǵayretkeri ,**

**filologıya ilimleri doktorı**

**NÓKIS – 2017**

MAZMUNI

Jumıstıń ulıwma sıpatlaması ………………………………………………….........

Mashqalanıń aktuallıǵı……………………………………………………..........

Izertlewdiń maqseti hám wazıypaları ……………………………......................

Izertlewdiń obekt hám predmeti ……………………………………..................

Izertlewdiń metodları …………………………………………….....................

Izertlewdiń jań alıǵı ………………………………………….............................

Izertlew nátiyjeleriniń ámeliy áhmiyeti hám qollanılıwı………………….......

Disssertciyaniń dúzilisi hám quramı ………………………………….............

Orınlanǵan jumıstıń tiykarǵı nátiyjeleri ……………………….........................

Nátiyje hám usınıslardiń uluwmalastırılǵan kórinisi ……………….................

I-BAB ……………………………….....................................................................

Baslawısh bilimlendiriwde pánlerdi integraciyalaw máseleleri ……….................

1.0. Dáslepki eskertiwler ……………………….......................................................

1.1. Baslawısh bilimlendiriwde ana tildi oqitiwdiń áhmiyetli máseleleri……….........................................................................................

1.2. Ana tilde oqıtıwda muǵállimniń pedagogikalıq sheberligin jetilistiriw ………..........................................................................................................

1.3. Baslawısh klass ana tili sabaǵın oqitiwdaǵı tiykarǵı metodlar ……………………......................................................................................

1.4. Klasstan tıs jumıslardı shólkemlestiriw ………….........................................

1.5. Baslawısh bilimlendiriwde pánlerdi integraciyasın ámelge asırıw boyınsha qoyılǵan tiykarǵı wazıypalar ……………………………..............................

1.6. Bolajaq oqıtıwshınıń pedagogıkalıq – psixologiyalıq bilimlerin integracıyalaw procesi ........................................................................................

II-BAB ........................................................................................................

Baslawısh klasslarda ana tili hám oqıw pánlerin integraciyalawdıń ámeliy máseleleri ........................................................

2.0. Dáslepki eskertiwler ..............................................................................
2.1. Sabaqlardıń integraciyası ..........................................................................
2.2. Baslawısh tálimde integraciyalaw bağdarlaması ........................................
2.3. Integraciyalaw zamanagóy pedagogikaliq texnologiyalardı ámelge asırıw ..........................................................................................................
2.4. Modulli oqitiw texnologıyası ........................................................................
2.5. Zamanagóy oqıtıw texnologiyaları haqqında. ..............................................

III-BAB.........................................................................................................

Baslawısh bilimlendiriwde zamanagóy oqitiwdıń texnologiyaların endiriw máseleleri ......................................................................................................

3.0. Dáslepki eskertiwler ..............................................................................
3.1.Jańa pedagogikalıq hám oqıtıw texnologiyalarınıń áhmiyetli máseleleri haqqında ......................................................................................................
3.2 . Pedagogikalıq texnologiyalar haqqindağı anıqlamalar ..............................
3.3. Zamanagóy pedagogikalıq hám oqıtıw texnologiyalariniń baylanıslığı ..........................................................................................................
3.4. Muğállim menen oqiwshılar jámáäti arasındağı qarim – qatnaslar ..........................................................................................................
3.5.Jańa pedagogıkalıq texnologiyanı qollanıw ............................................
Juwmaqlaw ....................................................................................................

Paydalanılǵan ádebiyatlar dizimi ……………………………………………………............................

**Jumıstıń uluwma sipatlaması**

Temaniń aktuallıǵI . Kadrlar tayarlaw milliy baǵdarlaması hám Bilimlendiriw haqqındaǵI Nızam tu'pkilikli reformalardı ámelge asiriwda huqiyqiy jaqtan tiykar bolıp xizmet etedi . Mektep bilimlendiriwin rawajlandırıwdıń mámleketlik uluwma milliy baǵdarlaması elimizde mekteptiń házirgi zaman talaplari dárejesinde shÓlkemlestiriliwi ushın , oniń materiyallıq – texnikaliq bazasınıń bakkemleniwine , olarda jumıs alıp barıwı ushın qolaylı imkaniyat tuwdiradı .

Kadrlar tayarlaw milliy baǵdarlamasında baslawısh bilim beriw basqıshı tiykarǵI orınlardiń birin iyeleydi. Sebebi , bul basqıshta balalarda dunya qarastı qáliplestiriw ámelge asırıladı . Insanniń rawajlaniwiniń bul basqıshında bilim alıwǵa bolǵan qizıǵIwshılıǵI , intası qáliplesip atirǵan dáwir bolip esaplanadı .

Sonıń ushında bilimlendiriwdiń bul basqıshında pánlerdı integraciyalaw – actual mashqalalardıń biri bolip esaplanadı.

Házirgi waqitta Kadrlar tayarlaw milliy baǵdarlamasın ámelge asiriwdıń xarakterli belgilerinen biri – bul bilimlendiriw , ilim hám islep shiǵariwdı integraciyalaw bolip tabıladı .

Integraciyalaw bilimlendiriw tarawında maqsetke muapıq tu'rde ámelge asirilmaqta .

Pánlerdi integraciyalaw –bul sáykes pánlerdiń bir jerge toplap oqitiliwı bolip tabıladı .

Baslawısh tálimde integraciyalaw máselesi de házirgi ku'nde ju'dá kerekli . Óytkeni , keleshek áwladqa bilim beriw , yaǵnıy olardıń sanasında sistemalı ilimiy tu'siniklerdi qáliplestiriw basqıshı usi jerden baslanadı .

Uluwma tálimniń birinshi basqishı bolǵan baslanǵish bilim beriw balanı pikirlewge , oylawǵa , Óz pikirin aytıwǵa hám juwmaq shiǵarıwǵa , sawatlandırıw tiykarında bekkem rawajlanıwin támiynlewge xizmet etedi .

Baslawısh tálim Mámleket standart oqiw pánleri boyinsha emes , bilim tarawları , jámiyet talapları boyınsha belgileniwi tiyis . Bilimlendiriw tarawları boyınsha standart kÓrsetkishler baslawısh mekteptiń ámeliy oqiw pánleriniń mazmunına tiykarlanip ǵana qoymastan balalardıń jas hám rawajlanıw Ózgesheliklerin , talap hám imkanyatlarınanb kelip shiqqan tu'rinde jámiyetlik talapqa bilim mazmuniniń kÓlemin shegaralaw , bilim bÓlimlerin integraciyalaw imkaniyatın beredi .

## Izertlewdiń maqseti hám waziypaları.

Izertlewdiń maqseti hám waziypaları tábiyat hám jámiyettiń rawajlaniw nizamlarina bolǵan munásebetti qáliplestiriw, kÓrgizbeler tiykarında integraciya , biliminiń integraciyalasqan tarawinda integraciyalawdiń usillarin hám qollanıw hám izertlew nátiyjesi tiykarinda oqitiwshilarǵa usinislar beriwden ibarat .

Izertlewdiń obekt hám predmeti. Baslawısh klass bárshe sabaqlıqları menen olardıń zamanagÓy oqitiw texnologıyaları tiykarindaǵI oqitiw metodikalariniń uluwma jámlesken halındaǵI procesler izertlewdiń tiykarǵI oekti menen predmetin Óz ishine aladı .

## Izertlewdiń metodları.

Teoryaliq – ámeliy taliqlaw baqlaw , anketa , soraw-juwap , uluwmalastiriw didaktikaliq oyinlar izertlewdiń metodların quraydı .

Ózbekistan hám Qaraqalpaqstan respublikasınıń konstituciyalari , pedagogika pániniń koncepsiyası , standartları , koncepsiyasi baǵdarlaması , Ózbekistan respublikası birinshi Prezidenti I.A.Karimov shiǵarmaları , hu'kimetimizdiń mektep hám tárbiya máseleleri jÓnindegi rásmiy hu'jjetleri , sabaqliqlari ,

ádebıyatlar temeǵa baylanıslı pedagogıkaliq – metodikalıq ádebiyatlar izertlewge metodikaliq jaqtan tiykar bolip xizmet etedi .

**Izertlewdiń jań alıǵı.**

Izertlew jumısı bilimlendiriw tarawında jań a islerden sanaladı. Oniñ jañ aliiI , baslawısh bilimlendiriwde pánlerdi integraciyalaw nátiyjesinde erisilgen nátiyjelerdi kÓrsetiw arqalı konkret usınislardiń jaratiliwinan ibarat .

Izertlew nátiyjeleriniń ámeliy áhmiyeti hám qollaniliwi.

- baslawısh bilimlendiriwde integraciyalaw tiykarları .
- integraciyalawǵa pedagogıkaliq xaraktristika .
- integraciyalawǵa baylanıslı ilimiy – metodikalıq usınıslardı jaratıw , izertlew nátiyjelerinen ámeliy áhmiyeti menen qollaniliwların quraydı .

Disssertciyaniń du'zilisi hám quramı.

Disssertciya tiykarınan alınǵan jumıstıń uluwma sipatlaması , ush bab hám paydalanılǵan ádebiyatlar diziminen ibarat .

Orınlanǵan jumistıń tiykarǵI nátiyjeleri.

Baslawısh bilim beriwdiń baslı maqseti – balalardıń haqiyqiy hár tárepleme rawajlanǵan adam bolip qáliplesiwin támiynlew. Usiǵan baylanıslı usınılıp atırǵan baslawısh bilim beriw sisteması házirge shekem qollanılıp kelip predmetti oqıtıǵa tiykarlanǵan baslawısh bilim beriwden integral tiykarindaǵI baslawısh bilim beriwdiń artımashiliǵIn kÓrsetedi . Názerde tutilip atırǵan baslawısh bilim beriw jámiyettiń rawajlaniwi menen birge teoriyasinan su'yenedi hám belgili izbe- iz dárejede rawajlandiriladı jáne jeke adamniń jámiyet talaplarına sáykes Ósip bariwın támiynleydi .

**Nátiyje hám usınıslardiń uluwmalastirilǵan kÓrinisi.**

Jas áwladtı kámil insan etip tárbiyalap jetilistiriliwde milliy qádiryatlardıń ayrıqsha áhmiyeti bar ekenligine itibar qaratıldı. Milliy qádiryatlar xalıqtiń neshe- neshe ásirler dawaminda toplaǵan materyallar , mádeniy , ruwxıy miyraslarin qamtip aladı . Xalıqtıń Ótmishi , arzu – ármanları , u’rip- ádetleri , mádeniyatı , táriyxı onıń menen Ómir boyı birge jasap kiyatırǵan xalq dÓretiwshiliginde Óz sáwleleniwin tapqan boladı . Sonlıqtan Ózligin qayta tiklewge xalq dÓretiwshiligi ulken áhmiyetke iye bolıp otır. Xalq dÓretiwshiliginiń u’lgilerin tálim – tárbiya beriwde qollanıw bu’gingi ku’ndegi aktual waziypalardan esaplanadı .

Mektep sabaqlıqların jazıwda , yaǵInıy olardıń mazmuninda tálim - tárbiyaliq oqıw materiyalınıń u’zliksiz tu’rde beriliwi , sabaqliqlardiń integraciyasına u’lken itibar beriw kerek. Házirgi waqıtta interaktiv sabaqlıqlar jaratıw actual máselelerden sanaladı . Integraciya xalıq bilimlendiriw tarawında ámelge asırılmaqta .

# I-BAB

## Baslawısh bilimlendiriwde pánlerdi integraciyalaw máseleleri

### 1.0. Dáslepki eskertiwler.

Dáwiriwdiń qızǵIn talapları hám jámıyet rawajlanıwı menen barabar rawajlanıp bariliwshı nizamlarǵa tiykarlanip , dunya tájriybesine suyengen halda Ózbekistan hám Qaraqalpaqstan respublikasındaǵI baslawısh tálim mektepleriniń tayanish oqiw rejesi dÓgereginde ana tili , oqiw , matematika , dene tárbiyası , muzıka , su'wret , ekanomika hám tábiyat bolimleri usılar menen birge insane hám jámiyet cikline birlesken integral tálim tarawı kiritiledi . Bul tálim tarawı balaniń jeke fizikaliq hám ruwxiy bayliǵin támiynlewde záru'rli áhmiyetke iye . Bul tarawdiń tálim beriw barısında balaniń fizikaliq jaqtan shınıǵIwın támiynlewge xizmet qilatuǵIn eń áhmiyetli kÓnlikpeler ádep- ikramlılıq normasıniń biliwshi milliy u'rip ádetler , kiyiniw ádislerin , kishipiylilik hám gÓzzallıqtı payda ete alıw kÓnlikpesi , dunyanı , jámiyetti , materiyallıq támiynlewdi , adamzat du'nyasın hám adam iskerligin pánler járdeminde oylap sáwlelendire aliwǵa , milliy ideanı insanniń pikir oyların tu'rli muzikalı tarawlar járdeminde ań law kÓnlikpesi , sonday – aq , shań araq hám oniń ekanomikalıq tiykarları haqqinda dáslepki eń ápiwayı kÓnlikpelerdi payda etedi .

### 1.1. Baslawısh bilimlendiriwde ana tilidi oqitiwdiń áhmiyetli máseleleri.

Ana tili tálimi balalardıń esitiw , kÓriw , seziw , oylaw qábiyletlerin keń eytiwge , olarda erkin pikirley aliw , basqalardiń pikirin ań lawǵa Óz pikirlerin awizeki hám jazba ráwishte erkin bayan ete alıwǵa hám de jámiyet aǵzaları menen erkin qatnasta bola alatuǵIn kÓnlikpe hám bilimlerin rawajlandırıwǵa xızmet qıladı .

bul orında an tili tálimine oqiw páni emes , bálkim pu’tin du’zimin uluwmalastırıwshı tálim standartı kÓrsetkishleri balaniń pikirin sawatlı , logıkaliq oylawǵa , izleniwge , esapqa alǵan jaǵdayda bayan ete aliwǵa uyretiw kÓz qarasinan belgilenedi . Baslawısh tálim basqıshında oqıwshılardıń ana tili tálim tarawı boyınsha tayarlıq dárejesine qoyılatuǵin minimal talaplar tÓmendegi standart Ólshewi arqalı sáwlelenedi.

Oqıw texnikası , basqıshlarınıń pikirin hám tekstiniń mazmunın anıqlaw ham de pkirlerin jazba tu’rde bayan etiw qábiyleti .

Oqıw texnikası- balaniń sawatlı jazba sÓylew belgilerin , sÓylew qábiyletin , almastırıw kÓnlikpesin anıqlaw maqsetinde kiritilgen . Bul arqalı oqıwshınıń tanıs emes bolǵan tekstti tásirli oqıw , tárizli oqiw yaǵInıy minutqa qarap oqiw tekisten neshe belgi oqıw kÓrsetkishi alınadı . klasstan –klassqa otiw menen muǵdarlıq kÓrsetkishtegi belgiler sanasiwı menen birge berilge tekstti oqiwdaǵI talaplar hám balaniń jasına sáykes ráwishte artıp baradı . Basqalardıń pikirin hám tekst mazmunın ań law qábiyleti balaniń awiz eki bayan etip atirǵan basqanıń pikikrin hán jazba tekst mazmunin ań lay alıw dárejasin anıqlaw maqsetinde kiritligen .

Bul kÓrsetkishler belgilengen minutqa qansha betti basqalardiń hám tekst mazmunın ań law hámde oni awız eki bayan ete alıw dárejesin aniqlaydı .

Pikirdi jazba tu’rde bayan etiw qábiyleti quramalı processs bolip , ana tili tálimniń maqseti sol kÓrsetkishlerge iske asırıladı . Oqıwshı tárepinen du’zilgen testte sáwlelenedi .

- Pikirdi logıkalıq izbe –izlikte su’wretlep kÓrsetiw .
- Pikirlew temasınıń quramaliliǵiniń dárejesi ( ápiwayı , quramalı , jıynaqlı , konkret , abstract h.t.b. ) baxası .
- Temada tildiń sáwleleniw qurallarinan paydalanıw dárejasi , imlalıq , jazba sawatliliq .
-

## 1.2. Ana tilde oqitıwda muǵállimniń pedagogikaliq sheberligin jetilistiriw.

Muǵallimniń sÓylew , tu'sindiriw metodı eń bir jedelli metodlardan bolip , ol sabaqtıń barlıq basqıshında qollanıp otirıladı . Baslawish klass oqiwshilariniń tájriybesi menen bilimniń jetkiliksiz bolıwına baylanıslı muǵállim hár bir isti oqıwshılardıń tájriybesine jeterli etip tu'sindirip bariwǵa tuwra keledi . Tu'sindiriw metodı sabaqtiń maqsetine baylanıslı hár qıylı tu;rde qollanılıwı mu'mkin . Máselen ; XABARLAW – bunda muǵallim belgili bir tu'sinik boyinsha xabarlaydı . Máselen ; ''menshikli atliqlar barliq Orinda bas hárip penen jaziladı '' , '' Soraw gáptiń kiynine soraw belgisi qoyiladı '' , h.t.b . Bul jaǵdayda muǵállimniń tu'sindiriwi ayrıqsha orın tutadı . Bunda muǵálllim tilde analiz etiwi , qaǵiydanı Ózi tárepinen shiǵarıwı , olardı qollanıw jolların kÓrsetiw , dálillew bulardiń barlıǵin kÓrsetpelilik , mısallar arqalı jań a tu'siniklerge qaray alıp barıw jolı menen isenimli tu'rde tu'sindiriledi . Bul metodtiń qolayliliǵI sonda , olda bolsa , bilim menen kÓnligiw kÓrsetpelilik penen tiǵIz baylanista alıp barıladı .

Oqiwshı muǵállimniń tu'sindiriwin tiń laydı , qadaǵalaydı kÓredi , muǵallimniń kÓrsetken u'lgileri boyinsha piker ju'rgizedi , dálillew jolların qásterleydi . Bul jaǵdaylar oqiwshınıń belgili bir tu'sinikke sanalı keliwine alıp keledi . Muǵallimniń pikirinde , sÓzinde ekilik bolmay , temaniń maqseti aniq waziypa belgili bolıp oqiwshınıń el boyınsha qabıl etiwine , izbe – izlikte saliwina , qadaǵalawına , keyin ala qollana biliwine qolaylı bolıp barıwına muǵállim ǵamxorlıq jasawı tiyis .

Muǵallimniń temani sÓylep tu'sindirip belgilengen minuttan aspawı tiyis , sebebi basslawish klasstiń oqiwshıları obstrakt gramatikalıq tu'siniklerdi uzaq tiń lay almaydı . Sonlıqtan oqıwshılarǵa tu'sindiriwdi uzaqqa sozbay , al oqiwshılardıń oylawina , islewine qolaylı etip tu'sindire biliw olardiń issheń ligin keltirip shiǵariwǵa jaǵday jasap beriw – tu'sindiriw metodınıń baslı shárti .

Mektep jumıslarıniń talabına sáykes , oqitiwdıń sapasın wazıypası qoyılıp otırǵan da , pedagogika aldına jánede ullı wazıypa – oqitıwda qollanilatuǵin soǵan sáykes , jedelli metodları usiniw qoyilip atır , házirgi jaslardı oqitiwdiń hám tárbiyalawdiń qiyin waziypaların tabıslı sheshiw muǵállimge baylanislı . Mekteptiń maqseti hár tárepleme rawajlanĕan jaslardı oqitıp , tárbiyalap shiǵariwdan ibarat . Muǵallim metod tań lawda , onı qollaniliwda aldımızdaǵI usı maqset penen wazıypalardı názerde tuta otırip tań lawdan ibarat . Qollaniliwin tapsań hár bir oqitiw metodina jan enedi . Oqıtıwdıń nátiyjeli bolıwiniń giltide usında .

## 1.3. Baslawısh klass ana tili sabaǵin oqitiwdaǵI tiykarǵı metodlar.

Házirgi dáwirde baslawısh klasslarda ana tilin oqıtıwda qollanılıp kiyatirǵan hám qollaniwǵa tiyisli metodlar tÓmendegilerden ibarat . Muǵállimniń sÓylewin ( tu’sindiriw , gu’rriń , Óz betinshe islew , sabaqlıq penen islesiw , kÓrsetpelilik, metodlar menen izbe –iz birge oqitiw menen oqiwdiń barisindaǵI oqiwshılardıń logikaliq iskerligin iske qosıwshı – analitikalıq , sintetikaliq , induktiv , deduktiv metodlar bolip esaplanadi; .

1. Baslawısh klassta uyreniletuǵIn til qubilisiniń Ótiliwge tiyisli tarawın u’yreniwge qolayliǵ’I menen u’lesimliligi , yamasa oqıtıwdiń principi menen metodtiń sáykes keliw .
2. Didaktikalıq principlerge ku’n talabına sáykes keliwi .
3. Klassta oqiytuǵIn balalardıń mu’mkinshiligine ( jası , psixologiyaliq Ózgesheliklerine , tayarlıǵina , bilimine , klass Ózgesheliklerine ) sáykes keliwshiligi .
4. Qollaniwǵa tiyisli metodtiń obektivligi (bÓlimine klass Ózgesheliklerine sáykes keliwshiligi )
5. Muǵállimniń Óziniń mumkinshiligine ( tájriybesine , teoriyaliq , ámeliy tayarliǵIna , jeke Ózgesheligine qolaylıǵI . Jáne de oqitıwdıń barısında muǵállimniń aldına hár qiylı ku’tpegen jaǵdaylar ushirasip qalıwı , Ótilgen

tema u'stinde soraw- juwap Ótkeriw barısında oqıwshılardıń tayarlanıp kelmegenligi anıqlanadı ) .

Sonıń nátiyjesinde , buljaǵdaydı paydalanıw ushın qolaylap kelgen gu'rriń metodı qollaniwǵa bolmay qaladi da , al endi tu'sindiriw metodı menen islesip ketiwge tuwra keledi .

Máselen , muǵállim geypara sÓzlerdiń is – háreketi bildirip keletuĕIn sÓzlerdiń mánilik tárepi menen sorawlarına diqqat bÓliw .

Oqiwshilar sÓzlerdi Óz – ara salistirip , birewleriniń zattiń atın , ekinshileriniń zattiń sanın , u'shinshilerden ne isledi degen sorawlar qoyılatuǵının aytıp , olardiń mánilik sorawlarina diqqat bÓledi hám mánilerin tu'sinip aladı . Soń Inan bul sÓzlerdin ' gramatikalıq anıqlamaları tu'sindirip terminleri kÓrsetiledi , bular hár qıylı shiniǵiwlar arqali bekkemleydi .

Baslawısh klass muǵállimleriniń tiykarǵI waziypalariniń biri sabaqtan tıs oqiwdı ámelge asiriwda ju'dá kerekli tárbiyalıq islerdi Óz ishine alıp , balaniń keleshekti tu'siniwge , oǵan tiykar saliwǵa baǵdarlanǵan rejeni talap etedi .

Har bir jas áwlad mektep bosaǵasina kelgen ku'nnen baslap tek bilim , ilim , tárbiya sirların uyretip qoymastan Óz ustazlariniń jan dunyasınan kÓplegen jaqsı qásiyetlerdi de alip tárbiyalanıp baradı . Ómir , tábiyat , insane táǵdiri , jaqsı menen jamandı dos penen dushpandı , watan erkinligi haqqindaǵI ' tu'siniklerdi baslawish klasslardaǵI sabaqtan tis oqiwdaǵI erkin temalar , sáwbetlesiw , gu'rriń lesiw arqali oqıwshı Óz boyina siń dire aladı . Shákirt bilim Bergen ustazina eleklegish boladı . Jas áwladtiń keleshek Ómirine kÓz taslasaq , tu'singen adamǵa muǵállimniń Ómir aǵimina qosar u'lesi sheksiz .

Oqitiw dáwiri hár qanday qıyınshiliqlardi oz ishine aladı . Ásirese basslawish klasslarda ;

1. Hárip taniw
2. Buwın – sÓz jasaw

3. SÓzlerden gáp du'ziw
4. SÓzlerdi irkilmesten ju'ritip oqiw
5. Mazmunlı sÓylesiw – til bayliǵin Ósiriw
6. Sawatlı jazıw
7. KÓrkem oqıw

Mine bul islerdi jeke asiririw ushın biz ustazlarǵa berilgen sabaq waqtı azliq Ótetuǵini belgili . Basslawish klass muǵállimi balaǵa jeteriw ushın tu'rli is usıllarin oylap , izlenip , uyrenip bariwı tiyis .

### 1.4. Klasstan tıs jumıslardı shÓlkemlestiriw.

Ulli pedagog V.A.Suxavlenskiy ‘’ Klasstan tis jumislar bolmaǵanda oqiw , qurı yadlap aliwǵa aylanǵan bolar edi ‘’ – dep kÓrsetedi .

Házirgi ku'nde sabaqtiń hár tu'rli formaları menen bilim sirlari u'yrenilmekte . Misali ; Oniń forması , jaris forması , soraw – juwap forması , sayaxat sabaqlar balaniń aqilliliq dárejesi , oy – sanasi oyin oynaw , Óz kÓzi menen kÓrip muǵállimniń analizlep beriwi arqali Ósip rawajlanadı . Misali ; Kásipke baylanisli oyinlar ‘ oynatsaq oqiwshiniń Ózin qorshaǵan ortalıqtan su'yetuǵin kásibiniń Ónerin keleshekte iyelew isenimin oyatiw mu'mkin .

Klasstan tıs jumıslardı shÓlkemlestiriw muǵállimniń Óz betinshe kÓp tereń izleniwshilikti talap etedi . Dáwir talabına say klasstan tis jumislardi shÓlkemlestiriw arqali hár bir muǵállim tájriybe toplawı sÓz siz . bul mashqala kÓbirek respublikamiz rayonlarinda hám awilliq mekteplerde jiyi gezlesedi . Klasstan tıs sabaqtan bos waqitlarinda ;

1. Balalar shayirlariniń toplamlari tiykarinda ertelik shÓlkemlestiriw. (S.Abbazov , X.Saparov ,T.Seytjanov ) yáki J.Aymurzaevtiń <Qaraqalpaqstan> qosiǵin kÓrkemlep oqiwdi u'yreniw . Mazmunin Óz tili , tu'sinigi menen sÓylep beriw h.t.b.
2. Hár tu'rli temalarǵa baylanıslı X.Seytovtiń < altin gu'z > qosiǵin tásirli oqip , mazmunin sÓylep beriw . Ne ushin bul máwsim <Altin gu'z > dep ataliwi

. Gu’zdegi tábiyatta bolatuģin Ózgerisler haqqında tu’sinikti aniqlaw . Tábiyatta ana jerge su’yispenshiligin arttiriw .

3. Kitap –biziń dostimiz .
4. Qaraqalpaq xaliq erteklerinen saxna kÓrinislerinen shÓlkemlestiriw .
5. Naqil - maqallardiń bir sÓzi belgilenip jasirin xaldaģI dawamin aytip , toliqtirip jaristiriw .

   Misali ; Einshekke -----------------------

   Ustaz ----------------------------------

   Tilge itibar---------------------------

   ------------------elge hu’rmet

   Atań a ne qilsań

   ----------------------------

Belgili bir tema haqqinda < Atliq >(qala Ósimlik , haywan , quslardiń atlari , h.t.b. ) Basqada balalardiń oy – Órisin rawajlandirawģa baylanisli házirgi ku’nde bala psixologiyasina say sabaq materiyallarina baylanisli oyinlar sholkemlestiriw jań a tema tu’sinigin keń nen qabillawina tiykar boladi .

Bul taraw boyinsha respublika bilimlendiriw hám aģartiwshiliq xizmetkerleri bir qansha jumislar islenbekte Solardiń bibi oqiwshilardiń bilimin tekseriwdegi test, reyting usillarinan qollaniw bul oyinlar oqiwshini Ózinshe oylaniwģa testke tayarlaniwģa járdemlesedi .

Bilim tiykari – baslawishta diydi dana xalqimiz . Usi bahali pikirdi basshiliqqa ala otirip keleshek jaslardi bilimli , itibarli , ádep- ikramli , Óz wataninsu’yiwshi keleshegimizdi mánili ráwishte dawam etetuģin insanlardi tárbiyalaw kerek . Oqitiwshi sabaq procesinde oqiwshi menen demokratiyaliq qatnasta boliwi lazim . Bunda oqiwshi dosliq menen munásebetler Óz –ara dosliq , hu’rmet –izzet tiykarinda ámelge asirilip otiriladi . Qatnasiqtiń bul – tu’ri házirgi zaman talaplarina toliq juwap beredi . Bulardiń barliģI biziń jámiyetimizdiń erkin – demokratiyaliq xalda quriliwina Óziniń járdemin tiygizedi .

### 1.5. Baslawısh bilimlendiriwde pánlerdi integraciyasin ámelge asiriw boyınsha qoyılǵan tiykarǵI waziypalar.

Házirgi waqitta Kadrlar tayarlaw milliy baǵdarlaması hám mektep tálimin rawajlandırıwdıń uliwma milliy baǵdarlaması talapları ku'shiyip barmaqta . sol sebepli ilim-izertlew jumısları erkin pikirliytuǵin jeke adamdı qáliplestiriw hám tálim-tárbiya tarawında texnologıyalıq jantasıwlardı ámelge asırıwǵa qaratılǵan . Bunday jaǵdayda pedagogıka páni Óziniń obekti , predmeti, maqseti , teoriya hám ámeliyattiń bir-birine say keliwine usiǵan sorawlardı Óz aldına qoyadı . Oqiw procesin sholkemlestiriwde jań a pedagogikalıq texnologiyalardı maqsetke muapıq paydalanıw máselesin qoyadı . Sol sebepli pedagogika páni teoriyasında jań a idealardı jaratıwdı talap etpekte . Házirgi rawajlanıw dáwirinde jas áwladqa bilim beriwde oqıtıwdıń zamanagoy metodlarınan paydalanıwdı Óz aldına maqset etip qoymaqta.

Respublikamızdıń pedagog alımları hám metodistleri ilimiy tiykarlanǵan , Ózbekstanniń sociyalliq - pedagogıkalıq sharayatına sáykeslengen bilimlendiriw texnologiyalarin jaratiw hám olardı tálim-tárbiya procesin , proktikasinda qollanıwǵa umtılmaqta .

Birinshi pirzdentimiz I.A.Karimov tárepinen ilimiy tiykarlap berilgen tálim-tárbiya modelin ámelyatqa engiziw oqıw procesin texnologiyalastırıw menen tıǵIz baylanıslı . Sol sebepli Kadrlar tayarlaw milliy baǵdarlaması ''Oqıw- tárbiyalıq processti aldıń ǵI pedagogikaliq texnologiyalar menen támiynlew ‘‘ oniń ekinshi hám u'shinshi basqishlarında orınlanatuǵin waziypalardan biri sipatında belgilenedi .

Oqitiwshi qánshelli maǵlumatlı bolsa , pedagogikaliq sheberlik iyesi bolsa , ol keleshek áwladtı da sonshelli bilimli hár tárepleme jetilisken áwlád etip tárbiyalay aladı .

Bu'gingi ku'nde kÓplegen metodist – ilimpazlar J.G.Yuldashov , N.Saydaxmedov, C.Umarov ,B.L.Faberman ,U.Nishanaliev ,X.YU.Xákimjanov ,U.Tolipov hám

basqalar aldıń ǵI Qatar pedagogikaliq texnologiyalardıń tálim-tárbiyadaǵI nátiyjeligin kÓrsetip , tinımsız ilimiy – izertlew jumısların alıp barmaqta . Bunan tısqarı , kÓpshilik taraw qániygeleri Ózini qániygeligi boyınsha kÓplegen metodikaliq qollanbalar , usınıslar jaratpaqta . Bulardan aytıp ÓtetuǵIn bolsaq B.L.Faberman ‘’ Aldiń ǵI pedagogikaliq texnologiyalar ‘’ ‘’ Ruwxiyliq tiykarları ‘’ metodikalıq qollanbalarında . R.X.Karimov ‘’ Bilimlendiriwde pedagogikaliq texnologiyalar ‘’ – oqiw qollanbası . E.Abduvalidov ‘’Jań a pedagogikaliq texnologiya ‘metodikalıq qollanbalarında (Tashkent , Nizamiy atındaǵI , TDPI , BASQA KÓPLEGEN BROSHYURALAR basıp shıǵildı. ) Usı oqıw – metodikalıq qollanbalarda pedagogıkalıq texnologıyalarǵa uluwma tárip berilip , Óz tarawları boyınsha metodikalıq qollanbalardan u’lgiler berilgen .

Bilimlendiriwdiń interaktiv kursı kÓrgezbeli tálim sisteması bolıp interaktiv bilimlerdi tereń lestiriw hám keń eytiw tiykarında kÓrgezbeli sheberlikti payda etiw sırların u’yrenedi .

KÓrgezbeli tálim sisteması hár tu’rli tippler , formalar , usınıslar , obektler tiykarında qurılǵan . Integraciyon kurstıń maqseti hám wazıypaları tábiyǵiy – ilimiy tálim sistemasında xaraktirlenedi . Integraciyon kursı waqıttıń kÓlemine qaray ámelge asırıladı .

Baslawısh klasslarda integraciyon kurstiń maqseti tÓmendegishe , tábiyat hám jámiyet nızamlarına jeke munásebeti qáliplestiriw , didaktikalıq sistemada kÓrgezbeli jantasıwǵa alıp kelliwshi metodlar hám usınıslar , evristtikalıq sáwbetler , ekskursiyalar , dÓretiwshilik isler , diktant , jazıw h.t.b.

Oqıtıwdiń interaktiv kursı basqa pánler menen Óz – ara tiǵIz baylanısı bar . Fılosofıya , logıka , psixologıya , pedagogıka , miynet tárbiyası h.t.b.

### 1.6. Bolajaq oqitiwshınıń pedagogıkalıq – psixologiyaliq bilimlerin integracıyalaw procesi

Psixologıyalıq  hám pedagogıkalıq bilimlerdi hám integraciya kompanentleriniń Óz –ara sınıp ketiwi metodikalıq , texnologıyalıq , jeke kompanentlerdiń  sastavı .

Metodikalıq  - bul metodikalıq reflekciyada qadaǵalawshı bilimler hám tájriybeniń toplanıwı . Psixologıyalıq  hám pedagogıkalıq bilimlerdi metodika hám texnologıya dárejesinde birlestiriw . Ózinde qaytarılmas < men> di qáliplestiriwde pedagogtı Óziniń  jekeligin rawajlandırıwǵa shárayat jaratıw . Ózbekstan Respublikası birinshi pirzdentimiz I.A.Karimov tárepinen < Mektep bilimlendiriw rawajlandırıw baǵdarlamasın tayarlaw haqqindaǵI > biyligi qabıl etilgen . Qaraqalpaqstan  respublikasınıń  u'zliksiz bilimlendiriw  sisteması ushın oqıw baǵdarlamasın  , sabaqlıqlardı hám oqıw qralların qayta qarap shıǵIw hám jań alıqların du'ziw boyınsha jáne taǵI  olardı jetilistiriw maqsetinde uluwma orta bilimlendiriw sistemasındaǵI qollanılıp atırǵan bilimlendiriw standartları menen oqıw baǵdarlamasın u'yrenip shıǵip , olarǵa tereń nen baha beriw bu'gingi ku'n waziypaları bolıp tabiladı .

Usı kÓrsetpeler menen talaplardan kelip shıqqan halda Qaraqalpaqstan respublikasınıń  oqıw basqa tilde  alıp barılatuǵin mekteplerde qaraqalpaq tilin oqıtıwda tálim mazmunın integraciyalaw  bilimlendiriw tarawınıń  áhmiyetli máseleleriniń  biri bolıp tabıladı .

Sebebi , kiyingi waqitlarda uluwma orta bilim beriw barısında tillerdi u'yreniw máselesine ayrıqsha itibar qaratılmaqta . Jas áwladlarımızdı zaman talaplarına say tárbiyalawda , olarǵa zamanagÓy billimlerdi beriwde til ilimi tiykarǵI orınlardiń birin iyeleydi  , oqıwshılar ana – tili hám ádebiyatı pánleri arqalı Óz  xalıqınıń milliy miyraslari  mádeniyatın tereń  u'yreniw imkaniyatlarına iye boladı . Házirgi waqitta  bilimlendiriw barısın  integraciyalaw  , olardıń  jań a ilimiy- metodikalıq sistemasın jaratıwdı keltirip shiǵaradı .  Sebebi házirgi texnikalıq kompyuterlesken ásirimizde integraciyaniń  áhmiyeti u'lken .

Bu'gingi ku'nde Rossiya , Batıs Evropa , sonday – aq Oraylıq Azia mámleketiniń 60 procentin billimlendiriw sistemasında integraciyalıq baǵdarlamalar menen sabaqlıqlardan paydalanılmaqta .

Oqıw basqa tilde alıp barılatuǵin mekteplerde tálim mazmunın integraciyalawdiń áhmiyetli tárepleriniń biri – bul oqıw barısın integraciyalaw nátiyjesinde oqıwshilardıń hár tárepleme tili hám ádebiyatqa baylanıslı bolǵan pánler tiykarında bilim aliwin támiynlew , olardıń waqtın u'nemlew , sabaqlıq materiyalların tez tu'sinip alıwına mu'mkinshilik jaratadı . Demek , integraciya degenimiz – sabaqlıqtaǵI hár tu'rli bÓlimlerdiń ayrım bir- birine baylanıslı bolǵan pánlerdiń bir sistemaǵa birlesiwi bolıp tabıladı . Integraciyaniń kelip shiǵiwi negizin alıp qaraytuǵIn bolsaq , bul tiykarınan latin tilinen alinǵan sÓz bolıp biziń tilimizdegi mánisi birlesiw hám biriktiriw degen mánisti ań latadı .

Házirgi waqitta du'nyaniń rawajlanǵan Mámleketleriniń u'shten eki bÓlimi tálim mazmunın integraciyalawǵa eriskenligi maǵliwmatlardan belgili . Demek , Qaraqalpaqstan Respublikasiniń oqıw basqa tilde alıp barılatuǵin orta bilim beriw mekteplerde qaraqalpaq tilin oqıtıwda tálim mazmunın integraciyalaw ilimiy tiykarda ámelge asırıw Óziniń ku'tken nátiyjelerin beredi dep oylaymız .

Respublikamızdıń bir qatar mekteplerinde alıp barılatuǵin sinaw – tájriybe jumıslarınıń barısı mektep muǵállimleriniń tálim mazmunınıń integraciyası haqqındaǵI bilim hám tu'sinikleri tolıq qáliplespegenligi kÓrsetedi . Soniń ushın mektepte bilim ham tárbiya beriw barısında tálim mazmunın integraciyalaw mashqalası boyınsha muǵállimler usı tarawǵa baylanıslı bolǵan bilimler menen qurallandirıw tiykarǵI wazıypalardan esaplanadı .

Bul wazıypalarǵa tiykarınan arnawlı oqıw pánleri esaplanǵan ana tili , táriyx , ádebiyat , geografiya pánlerine baylanıslı bilimler menen bir qatarda xalıqtıń jámiyetlik tájriybesi , til baylıǵI , u'rip ádet dástu'rleri menen baylanıslı mádeniy qádiryatlardı , ádep – ikramlılıq páziyletleri boyınsha bilim beriw baǵdarında u'yretiliwi tiyis . Máselen , qaraqalpaq tili sabaǵIn Ótiw barısında sol sabaqlıqtaǵI

tiyisli temalardı táriyx páni menen birlestiriw , al táriyx pánin Ótiw barısında sol sabaqliqtaǵI tiyisli temalardı geografiya pánleri menen baylanıstırıp , temalardıń birligin saqlaǵan halda tu'sindiriw bul oqiwshilardiń hár tárepleme bilimler hám tu'sinikler menen tanısıp barıw mu'mkinshiligin payda etedi .

Respublikamızdıń uluwma orta bilim beriw mekteplerinde oqıw qaraqalpaq , Ózbek , orıs , tu'rkmen , tillerinde alip barıladı . Oqıwlar qaraqalpaq tilinde alıp barılatuǵin mekteplerde til sıpatında Ózbek tiliniń oqıtılı sıyaqlı , oqıw Ózbek tilinde ju'rgiziletuǵin mekteplerde mámleketlik til sıpatındaǵI qaraqalpaq tili oqıtıladı . Bul wazıypalar uluwma orta bilim beriwde tillerdi u'yreniwdiń jań a ilimiy – metodikalıq tiykarların jaratıw máselesin keltirip shiǵaradı . Oqıtıw barısın zamanagÓylestiriwdi integraciyalastırıw arqalı oqıwshilardıń dÓretiwshilik qábiyletlerin rawajlandırıwǵa járdem beredi . Sebebi , integraciyalasqan oqıw pánlerinde berilgen bilimler kÓp tarmaqlı , keń mánili hám birlesken bilim tiykarların keltirip shiǵaradı . Oqıwshilardıń waqtı , ku'shin u'nemlew menen birgelikte artıqsha sharshawdiń aldın aladı . Nátiyjede oqıwshilardıń bilim dárejesin sapaliǵI asadı .

Demek , házirgi waqitta u'zliksiz bilimlendiriw barısında oqıw basqa tilde alıp barılatuǵin mekteplerde qaraqalpaq tilin oqıtıwda tálim mazmunın integraciyalaw qaraqalpaq tili muǵálliminiń aldında turǵan áhmiyetli máseleleriniń birinen esaplanadı .

## II-BAB

## Baslawısh klasslarda ana tili hám oqıw pánlerin integraciyalawdıń ámeliy máseleleri.

### 2.0. Dáslepki eskertiwler

Insanniń rawajlanıwınn bul basqıshında bilim alıwǵa bolǵan qızıǵwshıǵI , intası qáliplesip atırǵan dáwir bolıp esaplanadı . Sonıń ushında tálimniń bul basqıshında tiyanaqlı bilim beriw qolaylı boladı .

Integraciyalaw bilimlendiriw tarawında da maqsetke muapıq tu'rde ámelge asırılmaqta . Integraciya – degen sÓzdiń maǵanası < bir pu'tin etip birlestiriw , bir pu'tin halǵa keltiriw > degendi bildiredi .

Baslawish bilim beriwdiń baslı maqseti - balalardiń huquqiy hár tárepleme rawajlanǵan adam bolıp qáliplesiwin támiynlew . Usiǵan baylanıslı usınılıp atırǵan baslawish bilim beriwdiń sisteması házirge shekem qollanılıp kelgen predmeti oqitiwǵa tiykarlanǵan baslawish bilim beriwden integral tiykarındaǵI artıqmashılıǵIn kÓrsetedi . Názerde tutılıp atırǵan baslawish bilim beriw jámiyettiń rawajlanıwı menen birge qáliplesip jetilisetuǵIn bilim beriw teoriyasına suyenedi hám belgili izbe-iz dárejede rawajlandırıladı jáne jeke adamnıń jámiyet talaplarına sáykes Ósip barıwın támiynleydi .

### 2.1. Sabaqlardıń integraciyası

Mektep sabaqlıqların jazıwda , yağInıy olardıń mazmunında tálim – tárbiyalıq oqıw materiyalınıń u'zliksiz tu'rde beriliwi , sabaqlıqlardın integraciyasına ulken itibar beriw kerek . Házirgi waqitta integrative sabaqlıqlar jaratıw actual máselelerden biri sanaladı . Integraciya xalıq bilimlendiriw tarawında ámelge asırılmaqta . Solay eken , hár bir sabaqlıqlardı jaratıwda bul máselelerge u'lken itibar beriliwi záru'r . Pánlerdi integraciylaw – bul sáykes pánlerdiń bir jerge toplap oqıtılıwı bolıp tabıladı .

Baslawish tálimdi integraciylaw máselesi de házirgi ku'nde ju'da kerek . Óytkeni , keleshek áwladqa bilim beriw , yağInıy olardıń sanasında sistemalı ilimiy tu'siniklerdi qáliplestiriw basqıshı usi jerden baslanadı .

Uluwma tálimniń birinshi basqıshı bolğan baslawish bilim beriwden balanı pikirlewge , oylawğa , Óz pikirin aytıwğa hám juwmaq shiğarıwğa , sawatlandırıw tiykarında bekkem rawajlanıwın támiynlewge xizmet etedi .

Baslawish tálim mámleketlik standart oqıw pánleri boyınsha emes , bilim tarawları , jamiyet talapları boyinsha belgileniwi tiyis . Bilimlendiriw tarawları boyınsha standart kÓrsetkishleri baslawish mekteptiń ámeliy oqıw pánleriniń mazmunına tiykarlanıp ğana qoymastan balalardiń jas hám rawajlaniw Ózgesheliklerin , talap hám imkányatlarınan kelip shıqqan tu'rinde jámiyetlik talapqa bilim bÓlimlerin integraciylaw imkaniyatların beredi .

Dáwirdiń qizğin talapları hám jamiyet rawajlanıwı menen barabar rawajlanıp barıwshı nızamlarğa tiykarlanıp , dunya tájriybesine su'yengen halda Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan Respublikasıniń baslawısh tálim mektepleriniń tayanısh oqıw rejesi dÓgereginde ana tili , oqıw , matematika , dene tárbiyası , muzika , su'wret ,ekonomika hám tábiyat tálimi bÓlimleri usılları menen birge insane hám jámiyet cikiline birlesken integral tálim tarawı kiritiledi .

Bul tálim tarawı balaniń jeke fizikalıq hám ruwxıy baylığin támiynlewde záru'rli áhmiyetke iye . Bul tarawdıń tálim beriw barısında balaniń fizikalıq jaqtan shınigIwın támiynlewge xızmet qılatuğIn eń áhmiyetli kÓnlikpeler ádep –

ikramlılıq normasın biliwshi milliy u'rip ádetler , kiyiniw ádislerin , kishipiylilik hám gÓzzalliqtı payda ete alıw kÓnlikpesin , du'nyanı , jámiyetti materiyalliq támiynlewdi adamzat du'nyasın hám adam iskerligin reń ler járdeminde oylap sáwlelendire alıwǵa , milliy idenı insanniń piker oyların tu'rli muzikalı tarawlar járdeminde ań law kÓlikpesi , sonday – aq , shań araq hám onıń ekonomikalıq tiykarları haqqında dáslepki eń ápiwayı kÓnlikpelerdi payda etedi .

Ana tili tálimi balalardıń esitiw , kÓriw , seziw , oylaw qábiyletleri keń eytiwge , olarda erkin pikirley alıw , basqalardiń pikirin ań lawǵa Óz pikirin awız –eki hám jazba ráwishte erkin bayan ete alıwǵa hám de jámiyet aǵzaları menen erkin qatnasta bola alatuǵIn kÓnlikpe hám bilimlerin rawajlandırıǵa xizmet qıladı . Bul orında Ana tili táliminde oqıw páni emes bálkim , pu'tin du'zimdi uluwmalastırıwshı tálim standartı kÓrsetkishleri balaniń pikirin sawatın , logikalıq oylawǵa , izleniwge , esapqa alǵan jaǵdayda bayan ete alıwǵa u'yretiw kÓz qarasınan belgilenedi . Baslawish tálim basqıshında oqıwshılardıń ana tili tálimi tarawı boyınsha tayarlıq dárejesin qoyılatuǵIn minimal talaplar tÓmendegi standart Ólshewi arqalı sáwlelenedi .

Oqıw texnikası , basqıshlarınıń pikirin hám tekstiniń mazmunın ań law hámde pikirin jazba tu'rde bayab etiw qábiyleti .

Oqıw texnikası- balaniń sawatlı jazba sÓylewi belgilerin sÓylew qábiyletin almastır'w kÓnlikpesin anıqlaw maqsetinde kiritilgen . Bul arqalı oqıwshınıń tanıs emes bolǵan tekstti tásirli oqiw kÓrsetkishi alınǵan . Klasstan – klassqa Ótiw menen muǵdarlıq kÓrsetkishtegi belgiler sanasıwı menen birge berilgen tekstti oqıwdaǵI talaplar hám balaniń jasına sáykes ráwishte artip baradı . Basqalardiń pikirin hám tekst mazmunın ań law qábiyleti balaniń awız eki bayan etip atırǵan basqanıń pikirin hám jazba tekst mazmunın ań lay alıw maqsetinde kiritilgen .

Bul kÓrsetkishler belgilengen minutta betti basqalardıń hám tekst mazmunın ań law hámde onı analiz qılıw hámde bayan ete alıw dárejesin anıqlaydı .

Pikirdi jazba tu'rde bayan etiw qábiyleti quramalı process bolıp ana tili táliminiń maqseti sol kÓrsetkishlerde iske asırıladı . Oqiwshı tárepinnen du'zilgen tekstte sáwlelenedi .

__Pikirdi logikalıq izbe –izlikte su'wretlep kÓrsetiw

__Pikirlew temasınıń quramalıǵiniń dárejesi ( ápiwayı , quramalı jıynaqlı , konkret , abstract hám .t.b.

Temada tildiń sáwleleniw quralların an paydalanıw dárejesi , imlalıq jazba sawatlılıq . Qaraqalpaq tilin baslawish klassta oqıtıw baǵdarlaması baslawish mektepte qaraqalpaq tilinen Ótkeriletuǵin jumıslardıń sisteması menen mazmunın , metodikalıq , teoriyalıq hám hár bir klasstaǵI qaraqalpaq tilinen konkret metodikasın sheber Ózlestirgen , bilim beriw tárbiya máseleleri menen baylanıstıra biletuǵIn jáne ilimiy – metodikalıq ádebiyatlardı Óz kÓzi menen kÓrip , kerekli degenlerin Óz ornında paydalana alatuǵin , jumıs barısında gezlesip qalǵan qıyın mamentlerdi Óz betinshe sheshe alatuǵIn muǵállimlerdi tayarlap shiǵarıwdı maqset etedi . Baslawısh klasslarda ana tilin integraciyalaw tiykarında du'zilgen baǵdarlama tájriybe – sınaw orınlarına jetkerilip , sınawdan Ótkerilmekte .

**2.2. Baslawısh tálimdi integraciyalaw baǵdarlaması .**

Baslawısh tálimde qaraqalpaq tilin integraciya tiykarinda oqıtıw baǵdarlamasın tómendegidey etip usınsaq maqsetka muapıq keler edi .

1-klass

1. Oqiwshilarǵa mekteptiń ishki , sırtqı jaǵdayların tu'sindiriw , adamlar menen durıs qatnas jasaw joların u'yreniw.
2. Partada durıs otiriw muǵalimniń , aytqanların islew , mektep qaǵIydaların tu'sindiriw .
3. Ana tili sabaqlarında ertek , gu'rriń , qosıqlar , naqıl- maqallar aytıp sorawlarǵa oylanıp durıs juwap beriwdi uyreniw .

4. Balalarġa jazıw quralların tik , kese , iyrek , hám dóńgelek sızıqlar , hár qıylı zatlardıń
( alma , qıyar , top h.t.b. )

Álipbe dáwiri

Oqıw hám til ósiriw .

1. Sóylewdi gápke , gápti sózge , sózdi buwinġa bóliw , seslerdi esitiw hám aytıw arqalı bir – birinen ayırıw .
2. Juwan hám jinishke , tuyuıq , ashıq hám qamaw buwınlı kelgen sózlerdi kespe álipbesinen qurastırıw hám oqıw .
3. Kishkene ańsat tekstlerdi dawıslap buwınġa bólip durıs oqıw .
4. Sóylewde hám oqıwda jay gáplerdiń irkilis belgilerine ( noqat , soraw , u'ndew belgisi ) u'yretiw .
5. Yadlaġan qosıqlardı kórkemlep aytıw .
6. Oqılġan kishkene tekstlerdi sorawlar hám sorawlarsız da qayta sóylep bere alıw .
7. Oqıw hám baqlaw nátiyjesinde zatlardı tiykarġI qásiyetlerine qarap toplam hám ayırıw kónlikpelin boldırıw .

Jazıw hám til ósiriw .

- Jazıw waqtında durıs otırıw , dápterlerin durıs qoyıw , rushkanı durıs uslaw hám durıs paydalanıw .
- Sózdi hám gápte bas hám kishi háriplerdi ( Álipbe kitabında berilgen tártip boyınsha ) hám olardiń birikpelerin bir –biri menen baylanıstırip jazıw
- Sózlerdi hám u'sh tórt sózli gáplerdi muġállimniń járdemi menen qıyın óz betinshi tallaw hám jazıw.
- Baspa hám jazba háripler menen jazılġan sóz hám gáplerdi oqıw jáne kóshirip jazıw , aytılıwı menen jazılıwı birdey sózlerdi hám sonday sózlerden turatuġIn gáplerdi esitiw arqalı jaza alıw .

- Jazılıwı  menen aytılıwında ayırmashılıq bar sózlerdi baqlaw baqlaw , jazılǵan sózlerdiń tuwrı yamasa tuwrı emesligin  tekstke Salıstırıw yamasa sol sózdegi ses hám buwınǵa tańlaw jasaw .
- Sózdi bir jolda ekinshi jolǵa buwınlap kóshire alıw .
- Gáptiń basında adamlardıń familiyası menen atların da hám haywanlarǵa qoyilǵan  atlarda bas háriplerde jazıw .
- Kishkene gu'rriń du'ziw hám sol gu'rrińnen tańlap alinǵan  gáplerdi awizsha ayttırıw , jazdırıw .

Álipbeden sońǵI dáwir

- Álipbeden sońǵI dáwir de balalardıń oqıw hám jazıw kónlikpelerin jetilistire biliw . Ol ushın mazmunı hám tili balalar turmısına jáne olardıń jas ózgesheliklerine sáykes keletuǵIn tekstlerdi , gu'rrińlerdi , qosıqlardı jumbaqlardı , jańlıtpashlardı hám naqıl – maqallardı oqıwǵa beriw .
- Balalardıń bul dáwirinde berilgen teksttiń hám qosıqtıń sózlerin durıs , anıq oqıwı , bir eki buwınlı sózlerdi tutas , al onnan kóp buwınlı sózlerdi buwınlap , jaqsı tu'sinip , oqıǵanların sóylep bere alatuǵIn dárejege jetisiwi , gáplerdi mánilerine qarap oqiy alıwı ( xabar , soraw hám u'ndew gápler ) kónlikpelerin jetilistire beriwi , qoyılǵan sorawlarǵa tolıq hám sistemalı juwap beriw uqıpların ózlestirgen bolıwı tiyis.
- Muǵállimniń ózi ákelgen kitapların oqıp beriwi balalardıń qanday kitaplar oqıǵanın sorap biliwi , olardıń mazmunın sóylep beriwi , berilgen sorawlarǵa durıs juwap beriwin uyretiw .
- Balalar menen kóriw hám esitiw diktantların , qısqa bayan , shiǵarma hám kóshirip jazıwdı , pitpegen gáplerdi tolıqtirıw hám t.b.

Fonetika , durıs jazıw hám til ósiriw .

GÁP HÁM SÓZ

1. Gáp
2. Ses hám hárip
3. Dawıslı hám dawıssız sesler
4. Juwan hám jińishke dawıslı sesler

5. Buwın
6. Ótkerme
7. Dawıslı seslerdiń jazılıwı
8. A-á sesleri
9. O-ó sesleri
10. U-u' sesleri
11. I-I sesleri
12. E sesi
13. Alfavit
14. Tákirarlaw
15. Sóz
16. Zattıń tu'r – tu'sin bildiretuǵin sózler
17. Zattıń sanın bildiretuǵin sózler
18. Zattıń háreketin bildiretuǵin sózler
19. Gáp hám baylanıslı sózler

II-klass

Fonetika , durıs jazıw hám til ósiriw .

1. 1-klassta ótilgenlerdi tákirarlaw
2. Ses hám hárip
3. Dawıssız sesler
4. B-p , f-t sesleri
5. K-g ,q-ǵ sesleri
6. Y-sh , z-s sesleri
7. H- x sesleri
8. Y sesleri
9. M,p,n ' sesleri
10. Tu'bir sóz hám qosımta
11. Gáp

12. Baylanıslı sóylew

## III-KLASS

Fonetika ,grammatika , durıs jazıw hám til ósiriw .

1. Dawıssız seslerdiń jazılıwı
2. V,f sesleri
3. H,x sesleri
4. Ń, sh sesleri
5. Alfavit hám hárip
6. Buwın hám ótkerme
7. Tu’bir hám qosımta
8. Dórendi tu’bir
9. Tu’birles sózler
10. Atlıq
11. Kelbetlik
12. Sanlıq
13. Feyil
14. Gáp
15. Taza jazıw

## IV-KLASS

Grammatika , durıs jazıw hám til ósiriw .

1. II-klassta ótilgenlerdi tákirarlaw
2. Sóz shaqapları
3. Birikken sózler
4. Jup sózler
5. Atlıq

6. Atlıqtıń seplik qosımtaları menen tu'rleniwi . Seplik qosımtalarınıń jazılıwı sorawları .
7. Almasıq , feyil
8. Feyildiń betleniwi
9. Feyildiń máhálleri
10. Ráwish
11. Tirkewish hám dáneker sózler
12. Gáp . Gáptiń ekinshi dárejeli aǵzaları
13. Gáptiń birgelikli aǵzaları
14. Tuwra gáp
15. Baylanıslı sóylew. Syujetli ayrım kórinisleri tiykarında gu'rriń jazıw .
16. Sayaxat , tábiyattı baqlaw negizinde kishkene kólemli shiǵarma jazıwǵa u'yretiw .

### 2.3. Integraciyalaw – zamanagoy pedagogikaliq ámelge asiriw

Integraciyalawdıń bir neshe tu'rleri bar .Olar kompredmetlilik tiykarında , negizgi pánler tiykarında ámelge asırıladı . Sonday-aq tábiyǵIy pánler tiykarında da ámelge asırıladı . Házirgi waqitta Integraciyalawdıń tu'rleri bar . Olardı tálim sistemasında engiziw záru'r .

Integraciyalaw bilimlendiriw tarawında da maqsetke muapıq tu'rde ámelge asırılmaqta . Integraciyalaw – degen sózdiń mánisi ‘' bir pu'tin etip birlestiriw , bir putin halǵa keltiriw ‘' degendi bildiredi . ( russha – ózbekshe sózlik ) . Toshkent 1999-jil 5 tom , 54 – bet

Baslawısh bilim beriwdiń baslı maqseti – balalardıń huquqıy hár tárepleme rawajlanǵan adam bolıp qáliplesiwin támiynleydi . Usiǵan baylanıslı usınılıp atırǵan baslawısh bilim beriw sisteması házirge shekem qollanılıp kelgen predmetti oqıtıwǵa tiykarlanǵan baslawısh bilim beriwde n integral tiykarındaǵI baslawish bilim beriwdiń artiqmashıloıǵin kórsetedi . Názerde tutılıp atirǵan baslawısh bilim beriw jámaá'tiń rawajlanıwı menen birge qáliplesip jetilisetuǵIn bilim beriw jáamiyettiń rawajlanıwı menen birge qáliplesip jetilisetuǵin bilim beriw teoriyasına su'yenedi há belgili izbe –iz dárejede rawajlandırıladı jáne jeke adamnıń jámiyet talaplarına sáykes ósip barıwın támiynleydi .

Jas áwladtı kámil insan etip tárbiyalap jetilistiriwde milliy qádiryatlardıń ayrıqsha áhmiyetli bar ekenligine itibar qaratıladı . Milliy qádiryatlar xaliqtiń neshe- neshe ásirler dawamında toplaǵan materiallar , mádeniy , ruhiy miyrasların qamtıp aladı . Xalıqtıń ótmishi , arzu – ármanları , u'rip – ádetleri , mádeniyatı , táriyxı , onıń menen ómir boyı birge jasap kiyatırǵan xalıq dóretiwshiliginde óz sáwleleniwin tapqan boladı . Sonlıqtan ózligin qayta tiklewde xalıq dóretiwshiligi u'lken áhmiyetke iye bolıp otır . Xalıq dóretiwshiligi niń u'lgilerin tálim – tárbiya beriwde qollanıw bugingi ku'ndegi actual wazıypalardan esaplanadı .

Mektep sabaqlıqlarında jazıwda , yaǵiniy olardıń mazmuninda tálim – tárbiyalıq oqıw materiyaliniń u'zliksiz tu'rde beriliwi , sabaqlıqlardıń Integraciyasına u'lken itibar beriw kerek . Házirgi waqitta integrativ sabaqlar jaratıw actual máselelerden sanaladı . Integraciya xalıq bilimlendiriw tarawında ámelge asırılmaqta . Solay eken , hár bir sabaqlıqtı jaratıwda bul máselelerge u'lken itibar beriliwi zárur . Pánlerdi Integraciyalaw – bul sáykes pánlerdiń bir jerge toplap oqıtılıwı bolıp tabıladı .

Baslawısh tálimdi Integraciyalaw máselesi de házirgi ku'nde ju'dá kerek . Óykeni keleshek áwladqa bilim beriw , yaǵInıy olardıń sanasında sistemalı ilimiy tu'siniklerdi qáliplestiriw basqishı usı jerden baslanadı .

Uliwma tálimniń birinshi basqıshı bolǵan baslanǵish bilim beriw balanı pikirlewge , oylawǵa , óz pikirin aytıwǵa hám juwmaq shiǵarıwǵa , sawtlandırıw tiykarında bekkem rawajlanıwın támiynlewge xizmet etedi .

BaslanǵIsh tálim  Mámleketlik standart oqıw pánleri boyınsha emes , bilim tarawları , jámiyet talapları boyınsha belgileniwi tiyis . Bilimlendiriw tarawları boyınsha standart kórsetkishler baslawısh mekteptiń ámeliy oqıw pánleriniń mazmunina tiykarlanıp ǵana qaymastan balalardıń jas hám rawajlanıw ózgesheliklerin , talap hám imkaniyatlarınan kelip shıqqan  tu'rinde jámiyetlik talapqa bilim mazmunınıń kólemin shegaralaw , bilim bólimlerin Integraciyalaw imkaniyatların beredi .

Bunnan on jıl burınǵI baslawısh tálim oqıwshisı menen házirgi dáwir baslawısh tálim oqıwshisiniń arasında u'lken parq bar . Bizińshe  házirgi dáwirde Kadrlar tayarlaw milliy baǵdarlamas'Inda baslanǵısh tálimge u'lken itibardiń qaratılıwında bolıp esaplanadı .

Hu'rmetli birinshi prizdentimiz I.A.Karimov Ózbekistan Respublikası Oliy Májlisiniń IX sessiyasında sóylegen  sózinde  < eski tálimniń eń jaman ádeti baslawısh tálimge ekinshi dárejeli is dep qaraǵandadur . Ashıq aydın aytiwimız mumkin bilimi  tómen  muǵállimlerge birinshi klassa n sabaq beretuǵIn edi . Baslawısh tálimge pás názer menen qaratıwınıń sebebi sol , burınǵI du'zimde barlıq pedagogikalıq texnikumlar hám bilim jurtları shólkemlestirilip  , olar tiykarinnan I-IV –klass oqitiwshilariniń tayarlaytuǵin edi .

Balalarımız qashanan baslap qanday etip , qanday usılda milliy qádiryatlarımız , u'rip- adetlerimizdi uyreniwimiz kerek .

Ilim- pán aldına uzaq mu'ddetke mólshellengen strategic waziypalardı qoyǵan . < Kadrlar tayarlaw milliy baǵdarlaması > milliy metodikalıq , sociyallıq – ekonomikalıq , psixologiyalıq – pedagogikallıq , táriyxiy filosofiyalıq mashqalalardı sheshiwdi belgilegen .

Basslawısh klasslarda mashqalalı jaǵdaylardı jaratqanda balada pikirlew sharshaǵanda oqıtıwshı oqiw oyın metodınan paydalanıw mu'mkin .

Oyın – ózbetinshe xizmet bolıp , oqıwshılar óz teńlesleri menen teń qatnasta boladı . Oyında oqıwshı ózin jámiyet aǵzası sıpatında tanıp , óziniń hám joldaslarınıń háreketlerin bahalaydı .

AldıńǵI pedagogikaliq texnologiyalardi tálim sistemasına engiziw – dáwir talabı . Biraq bul dástu'riy tálim metodlarınan pu'tkilliy waz keshiw degen emes . bálkim pedagogikalıq texnologiya elementlerin áste – áste oqıw xizmetine engiziw bolıp tabiladı .

Jańa ásir oqitiwshi – pedagogı tálim –tárbiya procesine bolǵan jańasha qarasların qáliplestiriw ushın tómendegi qábiyletlerge iye bolıwı kerek .

Birinshiden , ol óz xizmetinde qábiyletli , zamangóy , ilimiy hám mádeniy progresstiń mánisin tereń tu'siniwi kerek .

Ekinshiden , informaciyaliq texnologiyalardı oqıw procesinde paydalana alıwı .

U'shinshiden , milliy ideologıya hám bu'gingi ekonomikalıq reformalardiń mazmunın tolıq tu'sinip jetken boliwi kerek .

Eger oqıtıwshı joqaridaǵI talaplarǵa juwap bere almasa , sabaqlıqlarımız , oqiwdıń mazmunı qanshelli pisik hám aldıńǵI pedagogikalıq texnologiyalar teoriyalıq hám ámeliy islep shiǵIlmasın , eski qálipten shıqpay sbaq ótilse , tabısqa erisip bolmaydı .

### 2.4. Modulli oqitiw texnologıyası

Bilimlendiriwde áhmiyetli orın tutatuǵIn baslawısh tálimniń tiykarǵI wazıypaları oqıwshılardıń jaqsı sawat alıwın támiynlew , dáslepki bilimlerdi iyelew boyınsha mu'tájliklerin qandırıw boladı . Olardan ádep-ikramllıq hám miynet etiw páziyletlerin , átirapqa sanalı mu'násebetti qáliplestiriw sanaladı . Baslawısh klass

oqıwshılardıń bilim iyelewlerin aktivlestiretuǵIn áhmiyetli faktorlardan biri – modulı oqıtıw texnologıyası bolıp esaplanadı .

Modulli tálimniń tiykarǵI mánisi , oqıwshılar Modul baǵdarlaması u'stinde ózbetinshe islep , ilim alıwda belgilengen maqsette erisedi .

Modul baǵdarlamaları tálim – tárbiyalıq temanıń maqsetin sabaq dawamında óz betinshe orınlaytuǵIn tiykarda sáwlelendiretuǵIn kórsetpeler kompleksi bolip tabıladı .

Modul baǵdarlamaları sabaq teksti yamasa oqıwshılar tárepinen oqıw materialın rejelestiriw emes , bálkim oqıwshılardıń sol temanı óz betinshe hám dóretiwshilik penen u'yreniwi boyınsha baǵdarlama bolıp tabıladı . Modul baǵdarlamaları oqıtıwshılar tárepinen du'zilip , onda moduldiń ulıwma didaktikalıq maqseti , temanı u'yreniw basqıshları , oqıwshılar tárepinen orınlanatuǵin oqıw xizmeti elementleri , olardıń bilimin qadaǵalaw jolları izbe –iz bayan etiledi .

Muǵállim Modul baǵdarlamaların du'ziwde hám onnan oqıw procesinde paydalanıwda tómendegilerge itibar beriliwi kerek .

Oqıw materiyalların tań law . Oqıwshılarǵa óz betinshe ózlestiriw ushın usınıs etiletuǵin oqıw materialın tanıw hám olar orınlay alatuǵin bolıwı kerek .

1. Waqittı tejew . Oqıwshılar oqıw materiyalların baǵdarlamada belgilengen waqit shegarasında iyelep alıwı ushın kerek.
2. Oqıwshılarda óz betinshe hám dóretiwshilik penen islew kónlikpelerin payda etiw . Muǵállim oqıwshılardı Modul baǵdarlamaları menen islespesten aldın olarda sabaqlıq hám basqa da derekler menen islesiw kónlikpesin anıqlaw kerek . Bunda oqıtıwshı sabaqta u'yreniliwi kerek bolǵan oqıw materialların eki bólekke ajırıtaladı . Birinshi bólegi oqıtıwshı basshılıǵinda oqıwshılar dóretiwshilik hám óz betinshe ózlestiredi , al ekinshi bólegin óz betinshe orınlaydı .
3. Oqıwshılardıń bilimin qadaǵalaw . Muǵállim Modul baǵdarlamaların qollanılatuǵin sabaqları ushın ótken temalar boyinsha test sorawların

tayarlaydı . Dáslepki ku'ndelikli qadaǵalaw ótkeriledi . Sonıń menen birge jań a tema boyınsha test sorawların tayarlaydı hám oqıwshılardıń bilimlerin anıqlaydı .

Bunnan tısqarı Modul baǵdarlamalarınan orın alǵan hár bir tapsırma boyınsha balalar bilimin anıqlaw ushın oqıwshılar óz – ózinen hám óz –ara qadaǵalaw ámelge asırıladı .

Modul baǵdarlamaları mazmunın hám mánisine qaray oqıwshılardıń individual islewge , eki oqıwshı birgelikte islewge mólsherlengen modul bolıwı kerek . Oqıwshılardıń individual islerine mólshellengen Modul baǵdarlamaları hár bir oqıwshınıń qızıǵiwshılıǵI , záru'rligi , bilim dárejesin arttırıw , ózlestiriw dárejesin anıqlaw , kitap usılında óz betinshe islew kónlikpelerin rawajlandırıwdı názerde tutsa , kishkene toparlar ushın mólshellengen Modul baǵdarlamaları joqarıda aytılǵan faktorlar menen bir qatarda oqıwshılar ortasında Óz- ara qatnas , birge islesiw járdemin payda etiw , oqıwshılardıń birin – biri menen Óz –ara qadaǵalawdı ámelge asırıwdı názerde tutadı .

Kishkene toparlar ushın du'zilgen modul baǵdarlamalarınan paydalanıwda eki tu'rli jantasıw mu'mkin :

1. **Jarıs usılında** .

Oqıtıwshı oqıwshılardı teń sanalı toparlarǵa ajıratadı . Modul baǵdarlamanı tarqatıp , topardaǵI oqıwshılar xizmetin Modul baǵdarlamadan orın alǵan tapsırmalardı orınlawǵa baǵdarlaydı . Hár bir tapsırma orınlanǵannan soń , tartıs , disput , soraw –juwap jarıs tu'rinde ótkeriledi . Hár bir topardaǵI oqıwshılar óz xizmetlerin joldaslarınıń pikirin esapqa alǵan halda bahalaydı .

2. **Kishkene másláhátshiler usılında** .

Oqıtıwshı klass oqıwshıların teń sanalı kishkene toparlarǵa ajıratadı . Hár bir toparìa kishkene másláhát beriwshiler ajıratıladı . Kishkene másláhátshiler toparındaǵI oqıwshılardıń xizmetlerin qadaǵalaw . Tiyisli jaǵdayda Óz – ara

járdem shÓlkemlestiriledi . Tapsırmalar tiykarında soraw –juwap Ótkeriledi . Kishkene toparlarǵa oqıwshılar xizmeti Óz – ara qadaǵalaw arqalı bahalanadı .

Modullı sabaqtı tómendegishe ótkeriw usınıs etiledi :

**I . Shólkemlestiriw .**

**II. Ótken temalar boyınsha boyınsha oqıwshılar bilimin test sorawları járdeminde anıqlaw hám bahalaw .**

**III. Ótken temanı juwmaqlaw .**

**IV. Jań a temanıń bayanı .**

A) Jań a tema boyınsha du'zilgen modul baǵdarlamasın tarqatıw hám oqıwshılar moduldiń didaktikalıq maqseti menen tanıstırıw .

B) Oqıwshılardı jeke hám kishkene toparlar tártibinde modul baǵdarlamasındaǵI tapsırmalardı orınlawǵa baǵdarlaw .

C) Hár bir oqıw xizmeti elementi tapsırmalarınıń tolıq orınlanıwın qadaǵalaw , tiyisli kórsetpeler beriw .

D) Hár bir oqıw xizmeti elementi juwmaǵinda soraw- juwap yamasa disput ótkeriw .

**V.Jań a tema boyınsha test sorawları járdeminde oqıwshilar bilimin anıqlaw**

1. Ózin –Ózi qadaǵalaw
2. Óz –ara qadaǵalaw
3. Oqıtıwshınıń qadaǵalawı

**VI. Sabaqtı uluwma juwmaqlaw .**

JoqarıdaǵI pikirlerden kÓrinip turǵanınday , bilim procesinde modul baǵdarlamasın paydalanıw oqıwshılardıń bilim alıwın aktivlestiriledi hám oqıtıw nátiyjeliginiń joqarı dárejede bolıwın támiynleydi .

Ayrım oqıwshılar Óz jumıs xizmetinde aldıń ģI pedagogikalıq texnologıya elementi sıpatında tek ģana testlerden paydalanılmaqta . Teamaģa baylanıslı testlerdi Ózleri du'zedi . Biraq test sorawların durıs du'ziw ushın test haqqında teoriyalıq bilimge iye boliwı kerek .

Test tapsırmalarınıń mazmunına qaray tÓrt turge bÓlinedi :

1. Jabıq testi
2. Ashıq testi
3. Sáykeslik testi
4. Izshiler testi

Jabıq testi test shárti soraw yamasa bir wazıypa hám qısqa juwaplardan ibarat bolıp , kÓbinese juwaplardan biriwi durıs , qalģanları durıs juwapqa uqsasıraq boladı . Jabıq test dep atalıwdıń mánisi sonda , tekseriliwshi qoyılģan shártke Óz juwabın beralmaydı , ol testte keltirilgen juwaplardan birin – Ózinshe esaplaģanın tań laydı . belgilew mu'mkin . Jabıq testte birneshe durıs juwap bolıwı mumkin.

Jań a oqıtıw texnologiyasında oqıwshılar oqıwdı baslawısh , alıp barıwshı , Óz qálewi boyınsha u'yge tapsırma , Óz betinshe jumıs alıwshı , tapsırmanı Óz – ara tekseriwshi , Ózin –Ózi hám joldasların qadaģalawshı , bahalawshı h. b. wazıypalardı orınlawģa u'yrenedi . Awızsha , jazba , ámeliy , Ózbetinshe , dÓretiwshilik jumıslardı didaktikalıq oyınlardı oylap tabıwģa hám orınlawģa sistemalż tu'rde shżnżqtżrżladż. Mektep , shań araq , rayon , respublika turmısı , bazar qatnası máseleleri menen baylanıslı mısal , másele , gáp , soraw , test du'ziwge , olardı sheshiwge , tallawģa hám hár tu'rli didaktikalıq oyınlar oynawģa sistemalı u'yretiledi .

Bayan etilgen pikirler , keltirilgen dáliller , pedagogikalıq hám oqıtıw texnologiyasınıń uqsası joq Ózgesheliklerin , ulken mu'mkinshiliklerin hám XXI elektronlı bilimlendiriw ásirine say abzallıqların kÓrsetedi .

**2.5. Zamanagóy oqıtıw texnologiyaları haqqında.**

Bilimlendiriw turmısında bolıp atır ǵ an ózgerisler menen jańalanıwlar dawam etpekte . Jańa pedagogikalıq texnologiyalar tiykarında ǵ I oqıtıwshılar aradan on jıl óter ótpesten aq aldıń ǵ I yamasa pedagogikalıq texnologiyalar ataması menen kóz aldımızda almasıp atır . Demek , bul atamanıń ózgeriwiniń ózi oqıtıw pedagogikalıq texnologiyalarınıń tez pátler menen rawajlanıp atır ǵ anlıqlarınıń belgisi bolıp esaplanadı.

Házirgi kúnniń ózinde –aq mu ǵ állim menen oqıwshılar arasında ǵ I qatnaslar ózgerip barmaqta . Atap aytqanda , burınları oqıwshılar ápiwayı tıńlawshı bolsa , al endilikte sabaqtı shólkemlestiriwge qatnasıwshı .

Búgingi kúnde oqıwshılardıń erkin pikirlew kónlikpelerin qáliplestirip , onı rawajlandırıp barıw talapları da qosı’lıp otır. Qalaberse mu ǵ állim menen oqıwshılar arasında ǵ I doslıq qatnastı tiklew hám onı mudamı bekkemlep barıw eń bir áxmiyetli ba ǵ darlardiń qatarınnan girewli orındı iyelegenin kóriwimiz múmkin. Al auditoryada ǵ I payda bol ǵ an zamanagóy informaciyalıq texnologiyalardıń bilimlendiriw tarawına kirip keliwleri bolsa , sabaqlardıń kórinisi menen mazmunın jańalap ǵ ana qaymay , al olardıń ráńbáreńliklerin arqalı adamzat gózzalıqqa umtıIıp , olardı jaratıp barmaqta.

Joqarıda ǵ I atap ótilgen qubılıslardıń bárshesi bilimlendiriw turmısında demokratiyalıq prinsiplerdiń ámelge asırılıp atır ǵ anlıqlarınıń tiykar ǵ I belgisi bolıp esaplanadı .

Demek , bul tarawdıń mazmunı birotala ózgerip barmaqta . Degen menen, házirgi kúnde de burın ǵ I oqıw turmısı menen jasap atir ǵ an mu ǵ állimlerdiń de joq emesligin atap ótiwimiz orınlı . Al , olardıń bazı birewleri bolsa , ‘’ Házirgi oqıw – oqıw ma \\\Burınlar oqıw onday edi ‘’ – dep , onı kótermelep kórsetiwge háreket etedi . Bul orında bizler burın ǵ I bilimlendiriw turmısın birotala joqqa shi ǵ armaqshı emespiz . Sol dáwirlerde de oqıw procesi talap dárejesinde bolıp ,

joqar ǵ I  kórsetkishlerdi qol ǵ a  kiritkenliginiń guası bola alamız . Biraqta ertedegi bolıp ótken oqıw hám tárbiya jumısları házirgi  emes , bálki  sol dáwirdiń talaplarına juwap bergenligin atap ótiwimiz orınlı .

Demek  , pedagogikalıq  jámáattiń  ertedegi qatıp qal ǵ an pikirlerinen qutılıp alıwları  zárúr .

Bilimlendiriw  sistemasında  zamanagóy oqıtıw texnologiyalardıń keń túrdegi  endirilip atır ǵ anlıqlarınıń sebeplerin tolıq ańlawımız  hám o ǵ an ilayıqlı baxa  beriwimiz orınlı boladı . Qalaberse , pedagog kadrlardıń hár kúngi islep atır ǵ an jumıslarınıń sebebin , maqsetin hám onıń ba ǵ darın tolıq túsinip alıwları maqsetke ılayıq bolıp esaplanadı .

Zamanagóy oqıtıw texnologiyalardıń    bilimlendiriw tarawında endiriwleri , birinshi gezekte jámiyetimizdegi bolıp atır ǵ an jańalanıwlar  menen tı ǵ iz baylanıslı boladı . Bunday túrdegi jańalanıwlar menen ózgerisler úzliksiz túrde oqıwshılar  jámáátiniń psixologiyasına tásir etip otıradı .

Kóp sanlı tájriybeli mu ǵ állimlerden alın ǵ an saciyallıq soraw – juwaplarına qara ǵ anda , hár on jılda 25- 37,5 procent átirapında oqıwshılar jámááti   psixologiyalıq  ózgerislerge  dúwshar boladı eken . Bunday procentlik kórsetkishler olardıń kóp jıllıq   pedagogikalıq tájriybeleri menen intiuciyalıq sezimlerine tiykarlanıp alındı . Olay  bolatu ǵ in bolsa oqıwshılar jámáátinde hár jigirma jılda  50-75 % , qırq  jılda 100-150 % átirapında  psixologiyalıq ózgerislerge dúwshar boladı degen juwmaqqa kelemiz .

Joqarıda kórsetilip ótilgen procentlik kórsetkishlerdi tómendegi bolıp atır ǵ an qubılıslar menen baylanıstırıw múmkin .

- Birinshiden , burınları kem támiynlengen shańaraqta ǵ I tárbiyalanıp atır ǵ an jas óspirimlerge mámleket tárepinnen  berilgen gumanitarlıq járdemlerdi  óz qatarları arasında qanday da bir kemsitiw siyaqlı qabılla ǵ an

bolsa , házirleri olardı saw ǵ a sıpatında qabıl etiwleri , al ayrım jaǵ daylarda olar ǵ a talasıwlar ,

- Ekinshiden , házirgi jas óspirimlerdiń zamanagóy informaciyalıq texnologiyalar ǵ a tez biyimlesiwleri hám olardı operativ túrde ózlestire alıwları.

Joqarıda atap ótilgen qubılıslar olardıń sana sezimindegi bolıp atır ǵ an ózgerislerdiń procentlik kórsetkishlerin tastiyqlay aladı dep oylaymız.

Demek , oqıwshılar jámáátindegi júzege kelgen psixologiyalıq ózgerisler sebepli burın paydalanıp kiyatırǵan oqıtıw metodlarımız olardıń aldında hálsiz bolıp qalatuǵinlıǵına gúman qalmaydı.

Tárixta hesh bir texnologiya bir ásirden ekinshi ásirge kóship otırman . Hár qanday texnologiyanıń ómir súriw dáwiri bolatuǵınlıǵı anıq qubılıs bolıp esaplanadı . Atap aytqanda , birewi 10 jıl , ekinshisi 20 jıl , ayrımları 30-40 jıl ómir súrip m, usı aralıqta jámiyetke xizmet kórsetedi . Biraq turmısımızda bolıp atırǵan jańalanıwlarǵa baylanıslı kúndelikli paydalanıp júrgen texnologiyalar jámiyetimizdiń talaplarına juwap bere almay qaladı . Nátiyjede burınǵı texnologiyalardıń paydalanıw órisi tarayıp, talaplarǵa juwap bere almaǵanlıǵı sebepli saxnadan shıǵadı . Qalaberse , házirgi kúndegi oqıtıw texnologiyaları óz dáwirin ótep bolǵannan keyin saxnadan shıǵıp qalatuǵınlıqlarına gúman joq . Demek , usı kúndegi zamanagóy oqıtıw texnologiyalardıń ornında jańaları kelip , olardı almastıradı . Olay bolatuǵın bolsa , házirgi zaman bilimlendiriw sistemasınıń talaplarına juwap bere alatuǵın zamanagóy texnologiyalardı paydalanamız , turmısımızdıń áhmiyetli máseleleriniń birine aylanǵanlıǵın kóremiz .

# III – BAP

## Baslawısh bilimlendiriwde zamanagóy oqıtıw texnologiyaların endiriw máseleleri.

### 3.0. Dáslepki eskertiwler.

Bilimlendiriw nızamı menen kadrlar tayarlaw milliy bağdarlamasınıń qabıl etilgenine 18 jilǵa shamalastı. Mámleketlik bilimlendiriw standartınıń islenip shıǵılıp mektep ámeliyatına engiziledi. Jańa milliy pedagogikalıq texnologiyalardı jaratıw qollaw hám dúnya pedagogikasındağı pedagogikalıq texnologiyalardan dóretiwshilik penen paydalanıw wazıypasına kún tártibine qoyıldı.

Bul dáwir ishinde úyreniwge, izleniwge dóretiwge uqıplı jańalıqqa janı qumar pedagogikalıq xizmetke pidayı qatar baslawısh klass muǵallimleri jańa pedagogikalıq hám oqıtıw texnologiyaların oqıtıw tárbiya jumısların sapalı hám nátiyjeli alıp barıwdı úlgi alarlıq tájriybeler toplandı. Olar dástúriy sabaq túrlerin jańasha jobalastıradı hám ótkeredi. Dástúriy sabaq emes túrlerine oyın sabağı, jarıs sabağı, sayaxat sabağı hám tağı basqalar keń qollanıladı. Úyge berilgen tapsırmanı tekseriwde ózin-ózi tekseriw hám óz ara tekseriw túrlerinen jiyi paydalanıladı. Tapsırma beriwdi oqıwshılardıń qálewi boyınsha ámeliy dóretiwshilik

xarakterlerinde hám sabaqlıq boyınsha shólkemlestiriledi. Quramalı ózlestiriliwi qıyın temalardı ózleri túsindiredi úyretedi, kórsetedi. Ápiwayı ózlestiriliwi jeńil temalardı oqıwshılar muǵallimniń basshılıǵında ózbetinshe úyrenedi. Hár bir sabaqta reń – bereń etip ótkeredi. 5-6-jumıs túrin (berilgen sanlardan, sózlerden, kórsetpeli qurallardan paydalanıp mısal, másele, gáp dúziw olardı sheshiw hám tallaw, sabaqlıqtıń shınıǵıw orınlaw, oyın test dúziw hám sheshiw jumbaq, jańıtpash, naqıl-maqallar aytıw h.t.b.) araları 4-8 minuttan almastırılıp turadı. Oqıwshılar sharshawı bilmeydi, zerikpeydi sabaqqa qızıqqanlıqtan qońırawdıń bolǵanın sezbeydi. Az aqılıy kúsh kóp bilimdi sanalı jedelli ózlestirip aladı. Oqıwshılar sabaqtı jobalastırıwǵa shólkemlestiriwge ótkeriwge belsene qatnasadı. Muǵallimniń járdemshi wazıypasın atqaradı. Hátte muǵallim sabaqtı bolıp ayrım basqıshlarında oqıwshılardıń oqıw wazıypaların orınlanıwına basshılıq etedi, úyretedi. Bul isler nátiyjesinde oqıwshılar ózin-ózi óz-ara tekseriwge hám bahalawǵa úyrenedi. Joldasların basqarıwǵa hám joldasların boysındırıwǵa ózin-ózi basqarıwǵa, ózin-ózi tárbiyalawǵa ádetlenedi. Bir oqıwshı jeke, eki oqıwshı birgelikte hám 4-5 oqıwshıdan ibarat kishi toparda oqıw waziypaların orınlawǵa shınıǵadı. Ózbetinshe erkin pikirlewi abstrakt oylawı dóretiwshilik iskerligi rawajlanadı. Muǵallim tárepinen oqıwshılardıń orınlı usınısların jaqsı tileklerin sabaqtı ótkeriwde esapqa alıw hám olardıń sanalı belsendiligin kúsheytedi, ózlerine isenimin asıradı, ózligin hár tárepleme júzege shıǵarıwına járdemlesedi.

## 3.1. Jańa pedagogikalıq hám oqıtıw texnologiyalarınıń áhmiyetli máseleleri haqqında.

Texnologiya sózi grek tilinen kelip shıqqan bolıp ol bizińshe iskusstavo, kásip-óner, sheberlik haqqındaǵı ilim degen mánisti áńlatadı. Texnologiya túsinigi dáslep óndiriske baylanıslı qollanılıp óndiris texnologiyası dep ataydı. Qánigelerdiń arnawlı ásbap-úskeneleri, texnikaları, quralları hám metodlardan paydalanıp shiyrin zattıń yamasa yarım islengen ónimniń túr-túsin, qásiyetin, jaǵdayın ózgertiw, qayta islew hám tayarlawda izbe-iz ámelge asıratuǵın miynet operaciyaların jıyındısına óndiris texnologiyası dep atalatuǵın boldı. Házirgi waqıtta dúnya óndirisinde qanshadan-qansha jańa islep shıǵarıw texnologiyaların

qollanılmaqta. Máselen, kartoshka egiwdiń gollandiya texnologiyası, issıqxanada tamshılap suwǵarıw, pamidor egiwdıń Izrail texnologiyası, paxtanı plyonka astında kógertiwdıń Andijan texnologiyası qánigeler bolıp esaplanadı. Solıqtan qánigelerdi zamanǵa múnásip etip tayarlaw adamzat jámiyetiniń negizgi zárúriyatlarınan biri bolıp tabıladı.

XX ásırdıń baslarında dúnya pedagogikasında pedagogikalıq texnologiya, oqıtıw texnologiyası, pedagogikalıq texnika túsinikleri payda boldı. Keyıngi waqıtları bul túsinikleri EEM, kompyuter, internet, elektron sabaqlıq, elektron kitapxana, elektron pochta, aralıqtan oqıtıw sıyaqlı jańa túsinikler qosıldı.

Pedagogikalıq texnologiya oqıtıw texnologıyası, pedagogikalıq texnika dúnya pedagogikasında hám biziń milliy pedagogikamızda jańa túsinikler esaplanadı. Sonlıqtan bolsa kerek bul mánis – maǵanasın ashıw táriypleri payda boldı. Máselen , YuNESKO pedagogikalıq texnologiyaǵa bilim beriw hám ózlestiriw metodların jaratıw, qollaw, olardı birden bir sistemaǵa keltiriw jolı menen insan hám texnikalıq qurallardıń barlıq imkanyatlarınan barınsha paydalanıp bilimlerdi ózlestiriwdiń eń processidur degen tárip bergen. Bul anıqlama pedagogikalıq texnologiyanıń túsinigine búginge shekem berilgen táriplerdiń ishinde eń maqulıraǵı haqıyqatqa jaqınraq bolsa da onda bir jaqlamalıqqa jol qoyılǵan. Oqıtıw mashqalası kózde tutılǵan , al tárbiya máselesi dıqattan shette qalǵan. Pedagogika túsinigi keń túsinik ol oqıtıw hám tárbiya mashqalaların birdiy óz ishine aladı. Zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalar dunya pedagogikasında hár túrli táripler berilgen. Bul uǵımlardı Ózbekstan ( Pariev A, Fefelov V, Nishanaliev U, Farverman V.L, Mannopova I hám basqa) hám Qaraqalpaqstan ( Qosnazarov Q, Qudaybergenova S , Artiqova T, Ábdireymov J h.b.) alımları ózleriniń jaz ǵ an mashqalalarında shıǵarǵan monografiyaları menen oqıw qollanbalarında túrli-túrli anıqlamalar bergen. Misalı, Farverman V.L biziń pikirimizshe pedagogikalıq texnologiya múmkin bolǵan hár túrli oqıtıw metodlarınan paydalanıp oqıtıw procesin ámelge asırıwda qollanılatuǵın belgili uliwma norma hám qaǵiydalardı kórsetetuǵın qálip, úlgi esaplanadı degen táriyptı usınǵan.

## 3.2. Pedagogikalıq texnologiya haqqında anıqlamalar.

Birinshi pedagogikalıq texnologiyaǵa táriyp bergende tek oqıtıw kózde tutılǵan, al tárbiya máselesi pútkiley esten shıǵarılǵan, túsiniktiń keń mánisi taraytılǵan bir jaqlama anıqlama dál qoyılǵan biziń milliy pedagogikamızda oqıtıw tárbiyadan tárbiya oqıtıwdan ajıratılmaydı. Teoriyadan oqıtıw, tárbiya dep aytqan menen ámeliyatta olardı bir-biri menen ajıratıp bolmaydı. Oqıtıw tárbiya bir pútin pedagogikalıq process bolıp hár tárepleme úylesikli rawajlanǵan bilimli, joqarı adamgershilikli jetik insan kamalǵa keltiriwdi maqset etedi.

Ekinshi qáte hám kemshilik pedagogıkalıq texnologıya , oqıtıw texnologıyası , pedagogikalıq texnika , oqitıw metodı , oqıtıw usılı , oqiwdı shólkemlestiriw túrleri túsiniklerin bir – birine anıq ajırata almawǵa baylanislı kelip shıqqan sonıń sebebinen geypara avtorlar olar oqıtıw yamasa olardı zaman talabına qolaylastırıw , ekinshi toparǵa avtorlaroqıtıw usıllarınıń jiyındısın ,úshinshi toparaǵI avtorlar kórsetpeli hám texnikalıq qurallardı jańasha qollawdi jańa pedagogıkalıq texnologıya túsindirmekshhi bolǵan .

Sonlıqtan biz tómende professor Q.Qosnazarov miynetleri tiykarında pedagogikaliq jańa túsiniklerdiń haqıyqıy mánis maǵanasın ashiwǵa , komponentlerin anıqlawǵa hám quramalı bóleklerin kórsetiwge háreket etemiz .

Oqıtıw texnologıyası túsinigi pedagogıkalıq texnologıya túsinigine qaraǵanda tar túsinik , ol pedagogıkalıq texnologıya túsiniginiń tiykarǵI component ekenligin kórsetip oqıtıw texologıyasına tómendegishe táriyp bergen: “ Muǵállimniń oqıwshılar menen birlikte oqıtıw jumıslarınıń aldın jobalastırılǵan maqsetin iske asırıw ushın oqıtıwdı shólkemlestiriw túrlerin , usılların , quralların , metodların sheber qollap hám oqıtıw pracessin bir qálipte izbe –iz basqarıp aqırǵI nátiyjege erisiw sistemasına oqıtıw texnologıya dep ataladı ”. Oqıtıw texnologıyasına táriyp beriw menen birge onıń bir – biri menen tıǵIz baylanıslı tórt quramalı bólimnen turatuǵinlıgin ayrıqsha atap kórsetken hám oǵan mınalar kiritkeıın :

1. Sabaqtı jobalastırıw .

2. Sabaqtı gózlegen maqsetine – jobasına tolıǵI menen sıpatlı orınlap kútilgen aqırǵI nátiyjege erisiw .
3. Oqıwshılardıń bilimin , eplilik , kónlikpelerin reyting tekseriw hám bahalaw .
4. Sabaqtı juwmaqlaw , zárúligine qaray oqıwshılarǵa úyge tapsırma beriw.

**Pedagogikalıq texnika** oqıtıw texnologıyası túsinginiń tiykarǵI komponentlerinen biri. Oqıwshılarǵa pedagogıkalıq tásir kórsetiwde qollanılatuǵin usıllar , qurallar , metodlar sistemasınan nátiyjeli paydalanıwda , olar menen qarım – qatnasıqta durıs jol tabıwda óziniń hám basqalarınıń is – háreketin , minez –qulqin sheber basqarıwda , sóylew mádeniyatın iyelewde júzege shiǵatuǵin eplilik , kónlikpeler jıyındısına pedagogıkalıq texnika delinedi .

**Oqıw metodı** oqıtıw texnologıyasına qaraǵanda tar túsinik bolıp , onıń tiykarǵI bólimlerinen biri esaplanadı . Muǵállimniń oqıwshılardı bilim eplilik , kónlikpeler menen qurallandırıwdıń hám olardıń bilim , eplilik , kónlikpelerdi ózlestirwdegi birgeliktegi is usıllarınıń jıyi ndısına oqitıw metodı delinedi. Mısalı : Ángime , soraw – juwap , túsindiriw , shınıǵiwmetodı h.t.b.

**Oqıtıw usılı** oqitıw metodına qaraǵanda tar túsinik bolıp , ol oqitıw metodınıń quramalı bólimi , elementi , bólekshesi esaplanadı . Máselen , oqıǵan materialdıń jobasın dúziw , mazmunın qaytarıp aytıp beriw , konspekt alıw sabaqllıq , kitap penen islewge úyretiw metodınıń usıllarıbolıp tabıladı.

**Oqiwdı shólkemlestiriw túrleri** muǵállim menen oqıwshılar arasındaǵI birge islesiwdi aldınnan islenip shıǵarılǵan belgili izbe- izlikte hám hárite ámelge asırıwdi oqiwdı shólkemlestiriw túrleri delinedi . Oǵan sabaq , seminar , kollekvium , ekskursiya h.t.b. kiredi .

### 3.3. Zamanagóy pedagogikalıq hám oqıtıw texnologıyalarınıń baylanıslıǵi.

Milliy pedagogikamizda hám dunya pedagogikasında jaratılǵan dóretiwshilik penen qollanılıp atırǵan jańa pedagogıkalıq hám oqıtıw texnologıyalarınıń biz qurıp atırǵan adamgershilikli , demokratiyalıq mámlekettiń , huquqıy , puxaralıq

jámiyettiń talaplarına , milliy mádeniyatımız , úrip – ádetlerimiz hám dástúrlerimizge tiykarlanadı . Sabaqta joqarı ruwxıylıq , ádep- ikramlılıq hám psixologiyalıq jaǵday jaratıw jańa pedagogıkalıq texnologıyanıń tiykarǵI talaplarınan biri sanaladı . Onıń ushın muǵállim klassqa xosh kewillik penen kirip barıp oqıwshılar menen jıllı júzli sálemlesedi . Oqıwshılardı sabaqqa psixologıyalıq hám teoriyalıq jaqtan tayarlaydı , olardıń ruwxın , keypin kóteriledi , ózine isenimine arttıradı ózligin hár tárepleme júzege shiǵarıwǵa múmkinshilik tuwdıradı . Sabaq insaniylıq sıpatta demokratiyalıq negizde milliy etika sheklerinde aqılǵa muapıq erkinlestirilip alıp barıladı . Muǵallim menene oqıwshı arasındaǵI qarim –qatnasıq birge islesiw pedagogikasınıń prinsipleri negizinde qurýladý . Oqýwshý oqıtıw procesiniń bas subekti hám obekti dárejesine kóteeriledi . Olar muǵállim menen bir maqsetti gózlep birgellikte ótkergen sabaǵiniń barisın , sapasın hám nátiyjesin talap juwmaq shıǵarıp , bilim quwanıshına bólenedi , qıyınshılıqlardı izbe –iz jenip ózleriniń kúshine isenip oqıwǵa úyrenedi . Al muǵállim bolsa oqıwshılardı quwandırıp , ruwxlandırıp , yoshlandırıp , olarǵa kúsh – ǵayrat áylep tbıstan –tabıslarǵa baslap oqıtıwǵa ádetlenedi . Oqıwshı oqıw jumıslarına muǵállim menen teń huqıqlı túrde sanalı , erkin , jedelli ráwishte qatnasıp muǵállim kibi oqıtıw procesiniń bas subekti xizmetin atqaradı . Onıń húrmetine , oǵan isenim , ǵamxor bolıw , keleshegine jan kúydirip , ótinish – tileklerin orınlaw , maqset hám máplerin moyınlaw, huqıyqıy, teńligin , erkinligin tán alı w muǵállimnin pedagogikalıq nızamına aylanadı . Oqıwshınıń ózin –ózi tárbiyalawına , ózin –ózi basqarıwına , óz betinshe erkin pikir júritiwine , óz betinshe erkin pikir júritiwine , óz betinshe bilim sırların ashıwǵa ádep –ikramlılıq hám psixologiyalıq jaǵdaylar jaratıladı . Sabaq procesine oqıwshılardıń bilim , rawajlanıw hám tárbiyalanǵanlıǵI dárejesi qatań esapqa alınadı , soǵan mas keletuǵin oqıtıw texnologıyası tańlanadı hám qollanıladı . Qollanılǵan oqıtıw texnalogiyası oqıwshını oqıtıwdı emes , olarǵa oqıw ónerin úyretiwdi , bilim beriw emes , bilimdi óz betinshe iyelew sheberligi menen qurallandırıwdı kózde tutadı . Túsinik , xabar , úlgi , menen oqıtıwdan aqıl – ámeliy dóretiwshilik miynet tiykarında oqıtıwda , este saqlaw mektebinen óz

betinshe erkin pikir júrgiziw dóretiwshilik penen oylaw , dóretiwshilik penen kásip – óner iyelew , miynet islew mektebine oqıtıwdı maqset etedi .

Jańa oqıtıw texnologıyasına dástúriy hám dástúriy emes sabaqlar , usıllar , qurallar hám metodlar bir –biri menen muwapıqlastırıp qollanıladı , rán – báreń óz betinshe hám dóretiwshilik jumıslardan keń paydalanıladı . Ásirese oyın , jarıs , test dúziw hám sheshiw sabaqların ótiwge pikir talasın shólkemlestiriwge , ashıqtan –ashıq sáwbetlesiwge , dóńgelek stol átirapında júzbe –júz gúrrińlesiwge ayrıqsha áhmiyet beriledi . Oqıwshılar oqıw jumısların óz –ra tekseriwge , birin –biri úyretiwge , úyrengen bilimi menen ortaqlasıwg;a , muǵállimniń járdemshi wazıypasın atqarıwǵa , hátte muǵállim bolıp mısal másele sheshiw , gáplerdi tallap sabaq ótiwge úyretiledi .

## 3.4.Muǵállim menen oqıwshılar jámááti arasındaǵI qarim – qatnasıqlar .

Oqıtıw – tárbiya procesindegi muǵállim menen oqıwshılar , oqıwshı menen oqıwshı arasındaǵI hár túrli qarım –qatnasıqlar , teń huqıqlı , óz-ara talapshańlıq , bir – biriwge isenim , húrmet hám ádillik negizinde qurıladı . Oqıwshılar kemsitiwge , ar – namısına tiyiwge , ruwxin túsiriwge , qorqıtıwǵa jol qoymaydı . Bunıń nátiyjesinde olar kóz aldında pámli parasatlı , aqıllı , tapqır , istiń kózin biletuǵin , joldaslarżna ǵamxor hám mehriban bolıp ózgere baslaydı . Klass oqıwshılar jámááti awızbirshilik , siyaqlı , huqıyqıy , miynetkesh hám talapshań jámáátke aylanadı .

Jańa oqıtıw texnologiyası oqıtıw jumıslarınıń sapasın oǵada jaqsılaydı , nátiyjesin arttırı , muǵállim menen oqıwshılardıń birgeliktegi jedelli jámáátlik pidakerlik miynetine , dóretiwshilik xizmetine aylanadı . Bunday sabaqlarda muǵállimniń xizmeti oqıtıw , oqıwshılardıń xizmeti oqıw bir – biri menen qosılıp ketedi , olar burınǵiday qıtay diywalı bolmaydı . Oqıwshılar náwbetpe – náwbet muǵállimniń járdemshisi topar sárdariniń wazıypasın atqarıw óziniń xizmetinnen kewli toliq burınǵidan beter jedellesedi . Sabaq – spektaklde

aktyorllıq xizmetin belsene atqarıp úlgili oqıwshı obrazın kútá háwes penen jaratadı , ózleriide úlgili oqıwshılar qatarınnan orın alıwǵa umtıladı .

Sabaqtı jańasha jobalastırıw hám ótkeriw texnologıyası oqıwshılardıń belsendiligihn oǵada asıradı , intakerligin jetilistiriw , baslamashılıǵIn , dóretiwshilik oylawın , dóretiwshiligik iskerligin , qızıǵIn ózbetinshe erkin pikirlewin kúshli dárejede rawajlandırıladı .

Óytkeni jańa oqıw texnalogiyası menen sabaq ótkende oqıwshılar sabaqtı jobalastırıwǵa , ótkeriwge , onı shólkemlestiriwdiń jolların , quralların , metodların tanlawǵa hám qollanıwǵa jedelli qatnastıradı . AldıńǵI Qatar hám novator muǵállimler sabaq túrin hám onıń eń maqul túrin oylap tabıwǵa , onıń hár basqıshına ámelge asırıwdıń ,jolların izlestiriwde oqıwshılar menen jaqınnan oylasıp iske asirıladı . Kórsetpeli qurallar tayarlaw ,ótkeriw bahalaw boyınsha shákirtleriniń orınlı usınısları , durıs pikirleri , paydalı másláhátler , ádil sınları minnetdarshılıq penen qabıl etiledi , aldıńǵI waqıtta olar esapqa alınadı , jańa oqıtıw texnologiyasında oqıwshılardıń

## Juwmaq

Bilimlendiriw tarawın tu'pkilikli Ózgertiw , onı Ótmishten qalǵan idealogiyalıq kÓz – qaraslar hám sarqıtlardan tolıq tazalaw , rawajlanǵan demokratiyalıq mámleketler dárejesinde , joqarı ruwxıy hám ádep –ikramlılıq talaplarǵa juwap beretuǵin joqarı bilimli kadrlar tayarlaw milliy sistemasın jaratıw házirgi ku'nniń áhmiyetli máseleleriniń biri bolıp qalmaqta .

Bilimlendiriw nızamınıń , kadrlar tayarlawdıń milliy dástu'riniń qabıl etip turmısqa asıra baslaǵanımızǵa 20 – jıl boldı . Bul dáwir ishinde aldıǵi tájriybeli , navator hám dÓretiwshi baslawısh klass muǵállimleri m illiy pedagogikamızda , rawajlanǵan demokratiyalıq mámleketler mekteplerinde jaratılǵan pedagogikalıq hám oqıtıw texnologiyasınıń , xalıq pedagogikasınıń altın ǵáziynesinen dÓretiwshilik penen paydalanıp oqıtıw tárbiya islerinde u'lken tabıslardı qolǵa kiritti , sabaqtıń sapasın jaqsılawǵa , nátiyjesin asırıǵa eristi .

Házirgi zaman jasların XXI –ásirde burıǵI texnalogiya menen oqıtıp du'nya bilimlendiriw standartları talaplarına say bilimler menen qurallandırıwdıń mu'mkin emesligi edilikte hámmege málim. Sonlıqtan jań a pedagogikalıq hám oqıtıw texnologiyaların sheber qollap oqıwshılardı jań a zamanǵa Ilayıq bilimler sisteması menen qurallandırıw hár bir muǵállimniń ádiwli wazıypası bolıwı kerek.

Bul ádiwli wazıypalardı inabatlı orınlaw ushın muǵállimlerge tÓmendegi pedagogikalıq keń eslerdi beriwdi orınlı dep esaplaymız.

1. Avtoritorlıq pedagogikadan . BurıngI oqıtıw texnologiyasınıń házirgi zaman talabına juwap beretuǵIn táreplerinen sanlı tu'rde bas tartıp du'nya pedagogikasında hám milliy pedagogikamızda qollanıp atırǵan jań a pedagogikalıq hám oqıtıw texnologiyaların qunt penen u'yrenip . Olardı dÓretiwshilik penen batıl qollawǵa keń es beremiz .

2. Jańa pedagogikalıq hám oqıtıw texnologiyaların tań lawda pánniń Ózgesheligin , hár bir sabaqtıń maqsetin , oqıwshılardıń jas , jeke Ózgesheliklerin , bilim rawajlanıw hám tárbiyalanǵanlıǵI dárejesin qatań esapqa alıwdı másláhát etemiz .

3. Sabaqtı jańa pedagogikalıq hám oqıtıw texnologiyaları talaplarına muapıq insaniylastırıp , demokratiyalastırıp , milliy etika sheń berinde erkinlestirip , oqıwshılar menen birgelikte alıp barıw kerek . Oqıwshılardıń Ózligin hár tárepleme ju'zege shıǵarıw ushın eń qolaylı ádep –ikramlılıq , psixologiyalıq jaǵday jaratıw záru'r .

4. Oqıtıw procesi muǵállim menen oqıwshılardıń birgeliktegi teń huqıqlı , sanalı , jedelli hám dÓretiwshilik xizmetinen quraladı .Oqiwshı oqıtıw – tárbiya procesiniń bas subekti hám obekti sanaladı . Sonlıqtan oqıwshını sabaqtı jobalastırıwǵa , shÓlkemlestiriwge , Ótkeriwge , juwmaqlawǵa , bahalawǵa hám u'yge tapsırma beriwge belsene qatnastırıp oqıtıw procesiniń bas subekti dárejesine kÓteriw lazım .

5. Oqıtıw texnologiyasında qollanılatuǵin oqıtıw procesin shÓlkemlestiriw tu'rlerin , qurallarin , metodların , pedagogikalıq texnikanı durıs tanlawdı hám olardan sheber paydalanıw dárkár .

6.

Qollanılatuǵin oqıtıw texnologiyası oqıwshılardı ulıwma insaniy hám milliy qádiryatlar ruwxında tárbiyalawdı , olarǵa milliy ǵárezsizlik sana – sezimdi , milliy idea menen milliy idealogiyanı siń diriwdi támiynlewi tiyis.

7.

ZamanagÓy pedagogikalıq texnologiya qollanılıp Ótkerilgen oqıtıw procesi xalqımızdıń danqlı Ótmishin , baxıtlı bugingi ku'ni hám jarqın keleshegi menen tıǵIz baylanıstırıp , Ózligimizdi hár tárepleme tereñ u'yrenip oqıwshılarda Óz watanı, xalqı ushın maqtanıshlı sezimin , hu'jdan menen hadal xizmet islew ádetin qáliplestiriw lazım .

8.

ZamanagÓy oqıtıw texnologiyasın xalıq pedagogikasın altın ǵáziynesinen dÓretiwshilik penen paydalanıw jaqsı nátiyjeler beretuǵinliǵin hasla esten shiǵarıp bolmaydı .

9.

ZamanagÓy pedagogikalıq hám oqıtıw texnologiyaların muǵállim menen oqıwshılardıń oqıtıw procesindegi wazıypaların tu'pkilikli jań alamaqta . Bunnan bılay muǵállim oqıtıw – tárbiya procesinin maqsetke muapıq joqarı dárejede , eń maqul tu'rde sheber shÓlkemlestiriwshi hám onı sistemalı basqarıwshı, oqıwshılardı bilimdi Óz betinshe iyelew Ónerine u'yretiwshi , bilimdi Óz betinshe toltırıwshı , jań alıqtı izlewge jollawshı , ámeliy , Óz betinshe dÓretiwshilik jumıslardı u'lken iskerlik penen orınlawǵa baǵdarlawshı hám shákirtleriniń barlıq máselede huqıyqıy keń esgÓyi wazıypasın atqaradı . Oqıwshılar bolsa muǵállim basshılıǵinda bilimdi , kásip – Ónerdi u'yreniw sheberligin iyelewshi , Óz betinshe bilim alıwshı , bilimdi Iqlas penen izleniwshi , jań lıq izertlewshi wazıypasın orınlaydı . Hár bir sabaq usı kÓz –qarastan jobalastırılıwı hám Ótkeriliwi tiyis .

10.

Oqıtıw texnologiyasında sabaq beriw – oqıw – bilim mazmunı arasındaǵI baylanıslı hám muǵállim menen oqıwshılardıń birgeliktegi teń huqıqlı ,

erkin , dÓretiwshilik qarım –qatnasın bekkemlew mu’mkinshiliginen tolıq paydalanıw kerek .

11.

ZamanagÓy pedagogikalıq hám oqıtıw texnologiyaların talapları boyınsha sabaq beriw oqıwshılardı oqıtıwǵa emes bilimsi Óz betinshe oqıwǵa u’yreniwge , bilim beriw emes bilimdi Óz betinshe tabıwǵa hám iyelewge ádetleniwge orınlawshı emes dÓretiwshi shaxstı tárbiyalawǵa qaratılǵan bolıwı záru’r .

12.

Tu’sinik. Xabar beriw , ulgige qarap izlestiriw , taxtadan kÓshirtip aldırıw jolı menen oqıtıwdan dÓretiwshilik penen oqıtıwǵa , este saqlawǵa tiykarlanǵan bilim beriwden oylawǵa , sezimge hám ámeliy háreketke negizlengen oqıtıwǵa Ótiw lazım .

13. Hár bir sabaqtı ráń– báráńetip ótiw dárkár. burın ǵ isha sabaqtı standart etip ótiw , birgelikli oqıtıw usılların , quralların , metodların úqollanıw oqıwshılardı kútá sharshatadı , zeriktiredi , oqıw ǵ a bol ǵ an ıqlasın páseytedi , biyparwalıqtı hám tártipsizlikti keltirip shı ǵ aradı .

14. Jańa pedagogikalıq hám oqıtıw texnologiyaların hár bir mu ǵ állimnen tınbay úyrenip , erinbiy izlenip , jańalıqtı qızı ǵ ip izertlep hám dóretip , oqıtatu ǵ in pánniń jańa bilimler menen bayıtıp , onı oqıtıwdı sistemalı jetilistirip barıwdı talap etedi . Mu ǵ állimniń bul pedagogikalıq kásiplik sıpatları oqıwshılardı ózbetinshe erkin pikirlewge úyretiwge , sınsil kóz – qarasın jetilistiriwge , logikalıq oylanıw , dóretiwshilik uqıplılıǵI menen ámeliy iskerligin rawajlandırıwǵa kúshli unamlı tásir jasaydı .

Dissertaciyalıq shıǵarmamızdıń metodikalıq usınıs sıpatındaǵI integraciyalıq oqıw baǵdarlaması oqıwshılardıń ana tili hám oqıw baǵdarlaması tiykarınan baslawısh klasslar ushın arnalǵan. Oqıw baǵdarlaması oqıwshılardıń ana tili hám oqıw sabaqlarınnan tıyanaqlı bilim

kónlikpe hám uqıplılıqlardı iyelewde iyelewde úlken járdem etedi. Sonday – aq oqıwshılardıń ana tili boyınsha sóylewin rawajlandırıw , tiykarǵI ilimiy bilimler sisteması izbe –izlikte úyreniwde imkániyat tuwdıradı. Sonlıqtan bul baǵdarlamanı tolıq ámelge asırıwda eksperementator muǵállimlerdiń róli áhmiyetli. Integraciyalıq baǵdarlamada bir – birine jaqın bolǵan temalar tiykarında oqıw mazmunı belgilenip , olar tájriybe - sınawdan ótkerildi. Álbette , tálimdi integraciyalawda zamanagóy bilimlerdi iyelew de kerek. Baǵdarlamada oqıwshılardıń mektepke kelgen dáwirinnen baslap olardıń háriplerdi úyreniwi , jazıw hám oqıw kónlikpeleriniń payda bolıwı tuwralı usınıslar berilgen. JoqarıdaǵI pikirlerden tolıq paydalanıw oqıwshılarımız ushın qolaylıqlar tuwdıradı .

DúnyadaǵI rawajlanǵan mámleketler erisip atirǵan jetiskenliklerge , mámlekette bilimlendiriw sisteması durıs jolǵa qoyılǵanı , bilimlendiriw sistemasında aldıńǵI pedagogikalıq texnologiyanıńtuwrı jolǵa qoyılǵanı sebepshi bolıp esaplanadı .

Mámleketimizdiń ǵárezsizlikke eriskennen soń, mámleket siyasatınıń bas baǵdarına aylandı. ’’Bilimlendiriw haqqındaǵI ’’ Nizam tiykarında ’’ Kadrlar tayarlaw milliy baǵdarlaması ’’nıń qabıl etiliwi bilimlendiriw sistemasın túpten ózgertiwdiń áhmiyetli hújjeti bolıp tabıladı. Baǵdarlamanıń negizinde teoriyalıq – metodikalıq konsepsiya jatadı . Sonıń ushın onı úyreniw hám ámelge asırıw boyınsha process emes. ’’ Milliy baǵdarlama ’’ ózine tán jańasha jantasıw , jańasha metodikanı hám kásip sheberligin talap etedi. ’’Kadrlar tayarlaw milliy baǵdarlaması ‘‘ – bul zamanagóy pedagogikalıq texnologiyanıń ózi. Bul boyınsha dóretiwshi muǵállim pedagogikalıq texnologiyanı ajırata alıw kerek.

Tálim – tárbiya procesinde tárbiyashı hám muǵállimlerimiz pedagogikalıq texnologiyalar boyınsha izleniwlerge kirisken desek boladı .

**3.5.Jańa pedagogıkalıq texnologiyanı qollanıw**

Bilimlendiriw haqqındaǵı Nızam hám qániygeler tayarlawdıń milliy baǵdarlamasında házirgi zaman miynet bazarı jáne básekeli ortalıǵında jemisli miynet isley alatuǵın milliy kadrlardı jetilistiriw baslı wazıypa etip qoyılǵan . Bul wazıypanı turmısqa asırıw ushın milliy tálim- tárbiya processine tu'pkililkli ózgeris jasawdı hám jan'a pedagogikalıq texnologiyanı engiziw talap etiledi. Sebebi jan'a zaman talabına say hám qánigelertayarlawdın' milliy modelline ılayıq jan'a milliy kadrlardı burıngı pedagogikalıq texnologiya menen tayarlaw mu'mkin emesligi bu'gingi ku'ni hámmege ayan .

"Texnologiya " sózi basqa tillerge grek tilinnen kirgen bolıp bizin'she iskuststvo , sheberlik , kásip- óner haqqında ilim degen maǵananı an'latadı . "Texnologiya " tu'sinigi jaqın jıllarǵa shekem tek óndiriske baylanıslı "óndiris texnologiyası " dep qollanılıp kelindi . Óndiris proceslerin ótkeriwdin' ádisleri menen quralları haqqındaǵı bilimler jıyındısı óndiris texnologiyası dep ataladı . Soǵan baylanıslı ıssıxanada tamshılap suwǵarıp degen atamaları kelip shıqtı.

Pedagogıkaǵa "pedagogikalıq texnologiya " hám "padagogikalıq texnika " tu'siniklerinin' kirgenine 25-30 jılday ǵana waqıt boldı . Áyyemgi waqıtları "padagogikalıq texnika "nı oqıwshılarǵa pedagogikalıq tásir jasaytuǵın metodlar sistemasın tabıslı qollawda záru'r bolǵan eplilik hám kónikpeler jıyındısı , al "pedagogikalıq texnologiya " nı tálim – tárbiya islerin ótkeriwde qollanılatuǵın usıllar , metodlar hám qurallar jıyındısı dep tu'siniledi . Sonnan beri "pedagogikalıq texnologiya " tu'siginin' mánisi ken'eydi , mazmunı bayıdı hám qatar quramalı bólimleri qáliplesti . Házirgi waqıtta du'nya ju'zi pedagogikasında tu'rli- tu'rli pedagogikalıq texnologiyalar qollanılmaqta . Máselen oqıwshını , qániygeni adamzat jámiyeti tárepinen toplanılǵan bilim tájriybe menen qurallandırıw hám olardı ózinin' keleshektegi xizmetinde qollawǵa u'yretiwdi maqset etetuǵın kognitivlik pedagogikalıq texnologiya. Lekciya , seminar labaratoriyalıq hám ámeliy sabaqlardı mashqalalı xarakterde, mashqalanı bayan etiw , izlep taptırıw hám izertlew metodların qollatıw arqalı oqıtıwdı kózde tutatuǵın evristikalıq pedagogikalıq texnologiya , dóretiwshilik oylaw menen dóretiwshilik uqıplılıq , óz betinshe erkin pikirlewdi rawajlandırıw hám qáliplestiriwge qaratılǵan kreativlik pedagogikalıq texnologiya. Dóretiwshilik ( kreativlik) "pedagogikalıq texnologiyada oqıwshını oqıtıw oqıw – dóretiwshilik xizmeti negizinde alıp barıladı. Talabanlardı tan'lawda olardın' bilimi hám uqıplılıǵı tiykarǵı ólshem etip alınadı . Oqıw – biliw hám oqıw dóretiwshilik xizmet negizinde qurılǵan integrallıq "pedagogikalıq texnologiya. Bulardan basqa mektep turmısına xabar , baylanıs , modul , reyting hám basqa texnologiyalarda ken' kirip kelmekte .

Pedagogikalıq texnologiyalardı tan'law hám qollaw bilimlendiriw tu'rleri menen basqıshlarına , qánige modeli menen oqıwshılar jámátinin' ózgesheliklerine , pán menen ótiletuǵın temanın' maqseti , wazıypaları hám mazmunına baylanıslı boladı . Oqıwshıǵa tálim –tárbiya beriwde , qánige tayarlawda bir neshe "pedagogikalıq texnologiyadan paydalanıw mu'mkin . Bunın' ushın oqıw páninin' maqseti hám wazıypaları anıqlanıp maqsetke erisiw , wazıypalardı iske asırıw belgilenip , oqıtıw usılları , metodları , quralları tan'lanıp sabaq ótkeriledi , nátiyjesi bahalanadı hám juwmaq shıǵarıladı .

Hár bir pedagogikalıq texnologiyanın' ózine tán ózgesheligi bolıwı menen bir qatarda olardın' du'zilislerinde , quramalı bólimlerinde , qollanıw sistemasında ulıwma uqsaslıqlar bar . Olarǵa tómendegiler kiredi : talabanǵa talap , tárbiyalanıwshı modeli , pitiriwshi modeli , oqıti;w sisteması , pedagog modeli , keri baylanıs sisteması , tekseriw sisteması, pitkeriwshini atestaciyalaw sisteması , diagnostika sisteması , tálim –tárbiya jumısların texnologiyalıq jaqtan támiynlew sisteması t.b.

Usı joqarıda aytılǵanlarǵa negizlenip "pedagogikalıq texnologiyaǵa mınanday táriyp beriw mu'mkin .

Du'nya bilimlendiriw standartı talaplarına muwapıq du'zilgen mámleketlik bilimlendiriw standartlarına sayma- say bilim beriwdi hám bilim alıwdı , ulıwma insaniy hám milliy páziyletler ruwxında tárbiyalawdı hám tárbiyalanıwdı támiynleytuǵın , bir-biri menen baylanıslı , birgelikte háreket etetuǵın sistemalar jıyındısına "pedagogikalıq texnologiya " dep ataladı .

Pedagogikalıq texnologiyanı oqıtıw – tárbiyalaw óneri haqqındaǵı ilim dep atasada boladı . Ol qánigelerdi tárbiyalap jetlistiriwdi támiynlewi lazım . Sonın' ushın bul tarawdaǵı jumıstı mektepti pitkeriwshi hám tayarlanatuǵın qánige modelin islep shiǵıwdan , oǵan muwapıq keletuǵın "pedagogikalıq texnologiya " nı jaratıwdan baslaw záru'r.

Jan'a "pedagogikalıq texnologiyanı jaratıw , belsene qollaw hám jetilistiriwde tómendegi waziypalardı iske asırıw oǵada áhmiyetli boladı :

- Oqıw orınlarındaǵı aldın'ǵı tájriybelerdi , novator muǵállimler jaratqan dástu'riy emes sabaq tu'rlerin , usılların metodların hám qurallarınu'yreniw , toplaw , ulıwmalastırıw hám tálim –tárbiya islerine batıl engiziw :
- Respublikamızda hám dunya ju'zi pedagogikası menen rawajlanǵan demokratiyalıq mámleketlerdin' oqıw orınlarında qollanılıp atırǵan hám

bizin’ milliy tárbiyamız maqsetine muapıq juwap beretuǵın pedagogikalıq texnologiyalardı u’yrenip , olardı dóretiwshilik penen paydalanıw:

- Neshe ásirler dawamında jaratılǵan , el perzentlerin tárbiyalawda sınaqtan tabıslı ótip bizin’ dáwrimizge jetken ámeliy tárbiya tájriybesinin’ altın ǵáziynesi esaplanǵan xalıq pedagogikası texnologiyasın sheber qollanıw :

Pedagogikalıq texnologiya oǵada quramalı process. Onı jaratıw , qollanıw , jetilistiriw u’lken dóretiwshilik miynetti , óz u’stinde u’zliksiz isewdi , bárqulla u’yreniw menen izleniwdi talap etedi . an’a pedagogikalıq tájriybelerdi , novatır jan’alıqlardı u’yreniwden , olardı ilimiy – metodikalıq tárepten ulıwmalastırıp juwmaq shıǵarıp ámelde qollanıwdan baslanadı . Al , onı qollanıwdan “pedagogikalıq texnikadan paydalanıw tálim – tárbiya islerinin’ sapasın jaqsılaydı , nátiyjesin asıradı . Tálim –tárbiya dóretiwshilik xizmet bolǵanlıqtan pedagogikalıq texnologiyanı jaratıwda ilimiy dóretiwshilik penen ámeliy dóretiwshilik ekewi birdey ku’tá áhmiyetli boladı .

Mámleket bilimlendiriw standartı negizinde jan’a pedagogikalıq texnologiyanı jaratıwda hám qollanıwda mına talaplar qatan’ esapqa alınıwı tiyis.: oqıwshının’ házirgi oqıw xizmeti menen oqıw ornın pitkergennen kiyingi xizmetinin’ xarakteri , bilimlendiriw tu’rine hám basqıshına ılayıq pedagogikalıq texnologiyanı jaratıw , mámleketlik bilimlendiriw standartına tiykarlanıp oqıw jobasın , oqıw baǵdarlamasın du’ziw ., sabaqlıq hám oqıw qollanbaların jaratıw , oqıw pánlerinin’ mazmunın , kólemin anıqlaw , ótiliw sistemasın belgilew . Maqsetke muwapıq en’ záru’r oqıtıw processin shólkemlestiriw hám dástu’riy emes sabaq tu’rlerin , usılların , texnikasın , metodları menen qurallarėn tan’law, oqıwshılardın’ qızıǵıwın , uqıplılıǵın , bilim dárejesin , jas ózgesheliklerin esapqa alǵan jaǵdayda qollanılatuǵın metodikalıq ilajlar sistemasın islep shiǵıw , sabaq procesinde islenetuǵın óz betinshe jumıslar menen u’yge beriletuǵın tapsırmalardın’ sistemasımenen kólemin anıqlaw , oqıwshılardın’ bilim hám tárbiyalanǵanlıǵı dárejesin qadaǵalaw , h.t.b.

Joqarıda bayan etilgen talaplar tiykarında jaratılǵan “pedagogikalıq texnologiya ” sınawdan ótkeriledi ,záru’r bolsa tolıqtırıladı , lazım dep tabılsa ózgerisler kiritilip jánede jetilistiriledi . Pedagogikalıq texnologiya tu’sinigi menen bir qatarda oqıtıw texnologiyası tu’sinigi qollanıladı . Oqıtıw texnologiyaları tu’sinigi “pedagogikalıq texnologiya ” tu’siniginin’ tiykarǵı komponentlerinen biri esaplanadı . Muǵállimnin’ oqıwshilar menen birgelikte oqıtıw jumıslarının’ aldın ala jobalastırılǵan maqsetin iske asırıw ushın oqıtıw procesin shólkemlestiriw tu’rlerin usılların , qurallarėn , metodların qollap hám sabaq barısın bir qálipte izbe- iz basqarıp aqırǵı nátiyjege erisiw sistemasına oqıtıw texnologiyası dep

ataladı . Oqıtıw texnologiyası bir –biri menen tıǵız baylanısqan tórt quramalı bólimnen turadı :

1. Sabaqtı jobalastırıw .
2. Jobanı tolıǵı menen orınlap ku'tilgen aqırǵı nátiyjege erisiw .
3. Oqıwshının' bilimin , eplilik kónlikpelerin reyting tekseriw hám bahalaw.
4. Sabaqtı juwmaqlaw , záru'rligine qaray oqıwshılarǵa u'y tapsırmasın beriw .

Pedagogikalıq texnika oqıtıw texnologiyası tu'siniginin' negizgi komponentlerinen biri. Oqıwshılarǵa tásir kórsetiwde qollanılatuǵın usillar , qurallar , metodlar sistemasınan nátiyjeli paydalanıwda , olar menen qarım qatnasta durıs jol tabıwda , ózinin' hám basqalarının' is –háreketi , minez – qulqın sheber basqarıwda sóylew mádeniyatın iyelewde ju'zege shıǵatuǵın eplilik hám kónlikpeler jıyındısına pedagogikalıq texnika deyiledi.

Pedagogikalıq texnologiya, oqıtıw texnologiyası , Pedagogikalıq texnikanı durıs tan'law , olardı dóretiwshilik sheberlik penen qollaw oqıtıw tárbiya jumıslarında tabıslar girewi bolıp esaplanadı .

## P a y d a l a n ǵ a n á d e b i y a t l a r.


1. I.Kárimov Jetilisken áwlad –Ózbekistan rawajlanıwınıń negizi . Toshkent , 1998.
2. I.Kárimov Jetilisken áwlad ármanı . Toshkent , 1998 .
3. I.Kárimov Yuksak mánáviyat – engilmas kuch . Toshkent Mánáviyat , 2008.
4. I.Kárimov Ona yurtimiz baxtu iqbol va buyuk kelajagi yólida xizmat qilish – eng oliy saodatdir . Toshkent ''Ózbekiston '' , 2015 .
5. Ózbekistan Respublikasınıń Konstituciyası . Toshkent , 1992.
6. Ózbekistan Respublikasınıń '' Tálim toǵrisidagi '' qonuni. Bárkamol avlod – Ózbekistonning tárriqiyotining poydevori . Toshkent , Sharq . 1997 .
7. Ózbekistan Respublikasınıń kadrlar tayorlash Milliy dásturi . Bárkamol avlod – Ózbekistonning tárriqiyotining poydevori . Toshkent , Sharq . 1997 .
8. Ayımbetov . M.Q. Milliy dástúrdiństrategiyasılıq baǵdarları haqqında bazı bir máseleleri . Nókis . ''Bilim'' , 2013 .
9. Ayımbetov . M.Q. Opedagogicheskom masterstve odaryonnix uchiteley . Jurnal '' Pedagogicheskie nauki , '' moskva , 2013. – № 2.

**10.**Ayımbetov . M.Q.  O   sovremennix metodix obushena v sistema narodnogo obrazavanie Tendentsil I  I innovatsil sovremennoy nauki . Materiali XXI-Mejdunarodnoy nauchno – prokticheskoy konferentsii,  26 fevral 2014 g . Krasnadar.
**11.**Ayımbetov . M.Q.  , Eshniyazova E   2- klass sabaqlarınıń tekstlerin jetilistiriw máseleleri Oraylıq Aziya pedagogika iliminde ornı bar alım , Nókis . KGU , 2015- jıl .
**12.** Ayımbetov . M.Q. Ana tilde oqıtıwdıń  áhmiyetli  máseleleri .    Nókis . NMPI , 2013 .
**13.**Ayımbetov . M.Q.   Lingvistikalıq informatikanısemiotikalıq tiykarları . Nókis . NMPI , 2013 .
**14.**Алферов А. Основные тенденции интеграционных профессов в мировом образавании. Диссер . на соиск . уч .с т . д.п.н.
**15.**Анхел Прес Гомес . Практическая подготовка и профессионалная социализация будущих учителей Андалусии Перспективы – Роль учетелей в меняющемся мире. МЕЖДУНАРОДНОЕ бюро  просвещения 1997 г т.XXVI - КК
**16.**БАЛХАНОВ  В.А. Конгениальность  современной фундаментализации образавании и устойчи – вого развития. Высшее  профессионалная образавание  СИБИРИ как гарант  устойчивого  развития региона материалы  МЕЖДУНАРОДНОЕ научно – практической конференции посвя – щенной 70- летнию высшего образования Республики Бурятия кафедры педагогик Бурят – ского госуниверситета и 60- летию сибирского отдепения РАО сентября 2000 г. Ч.1.
**17.**Bekmanova G . Boshlanǵish sinf ona tili darslarida  innovaciyon texnologiyalardan foydalanish 2015 –yil ‘’ Keksalarni ezozlash yili ‘’ ga boshlanǵish fán va tálim- tárbiyada  ilǵor  tájriybalar , tadqiq va nátiyjalar mavzusidagi  Respublika  ilimiy – názáriy va ámaliy anjuman materiallari  . Nukus  NDPI  , 2015 – yil .
**18.**Bektursinova . L.X .  Innovacion texnologiyalar – tálim sámáradorligining omili Markaziy Osiyo pedagogika fanida órni bor olim , Nókis . QDU – 2015yil.
**19.**Вусыгин А.Г.Интеграционных аспект  методологии  образавания в современной высшей школе . интеграционных процессы в образавании взрослых. Материалы научно – практической конференции – СПБ.ИОВ . РАО . 1999Г 146.
**20.**ГАДАМЕР  Х-ГЮИстина и метод. Основы философской  герменевтики Пер.с нем . общ.ред. и вступ . ст. Б.Н.Бессонова – М.Н. Пзщгресс 1998 г

**21.**Григорьева Н.Ю. Образавание как способ формирования соцальной реалности . Авторе – феррат на соиск.уч.ст. к.п.н. Саратов 1997 г
**22.**Гузеев В.В. ИнтеграЛЬНАЯ образавательная технология- Знание 1999 г .
**23.**Гусманов У.Г. Кликич Л.М. ИнтеграциЯ образавания на пороге XXI века . Проблемы Интеграции образавания на пороге XXI века . Материалы всероссийской научно – практической конференции 26 мая 1999г. Под общ.ред. см.Усманова .
**24.**Кулюткин Ю.Н. Интеграция знаний учителя как психологическая проблема . Проблемы Интеграции и дифференциации подготовки и повышения квалификации педагогических кадров. Межвузовский сборник научных трудов – САМАРА . ИЗ-ВО Сам ГПРИ . 1993 Г
**25.**КЛЮЧАРЕВ Г.А. Образавание взрослых как фактор Интеграции ( социально – политические аспект ) Интеграционных процессы в оброзавании взрослых. Материалы научно – практической конференции . ПОД .РЕД. ю.н. КУЛЮТКИНА . Н.Н. ЛОБАНОВОЙ . Е.А. СОКОЛОВ-СКОЙ – СПБ.У. РАО . ИОВ . 1997.
**26.**Qosnazarov . Q . Birge islesiw pedagogikası . Qaraqalpaqstan muǵállimi , 2001 . – № 1-2.
**27.**. Qosnazarov . Q . Baslawısh klasslarda dásturiy emes sabaqlardı oqıtıw texnologiyası . Qaraqalpaqstan muǵállimi , 2001– № 3-4.
**28.**Qosnazarov . Q . Jańa pedagogikalıq texnologiyanıń ózgeshelikleri hám artıqmashılıqları . Qaraqalpaqstan muǵállimi 2002 , – № 1-2 .
**29.**Qosnazarov . Q . , Palwanov . H. Sabaqlardı jańasha jobalastırıw hám ótkeriw texnologiyası . ‘’Xabarshı ‘’ jurnalı , 2004 –jıl Q3-4 san 152 –bet.
**30.** Qosnazarov . Q . , Palwanov . H. Baslawısh mektep oqıtıw texnologiyası. Pedagogikalıq – metodikalıq qollanba . 2004 – j .
**31.**Qúdiyarova . T. , Mádreymov .F. , Zamanagóy oqıtıwdıń hám modul texnologiyası . 2015-jıl .
**32.** ‘’Kekselerdi qádirlew jılı ’’ na baǵishlanǵan ‘’Ilim hám tárbiyada aldınǵI tájriybeler ‘’ izertlew hám nátiyjeler atamasındaǵI Respublikalıq ilimiy – teoriyalıq hám ámeliy konferenciya materialları I- bólim , Nókis , NMPI , 2015- jıl .
**33.** Madaminova YA . Boshlanǵich siniflarda óquvchilarning texnik ijodkorligini rivojlantirish Markaziy Osiyo pedagogika fanida orni bor olim . Nókis QDU, 2015- YIL .
**34.**Mambetova I.J. Modulni óqitish – tálim sifatini támiynlash texnologiyasi sifatida Fan va Jamiyat , – №4 , 2015- yil .

**35.**МАЙЗЕЛЬ . И.А. Интегративные процессы в науке . история и современность . Диалектика как основа интеграций научного знания. Вып 1984 г .
**36.**Максимова В.Н. Интеграция В СИСТЕМЕ образавания. СПБ . ИЗД-ВОЛОИРО . 1999 Г .
**37.**МАХМУТОВ .М.И. Артемова Л.А. Вопросы интегративного потенциала дидактики . проблемы Интеграция процесса обучения в СПТУУ . СБ . НАУЧ.ТР.РЕД. КОЛ .У.М.И. МАМУТОВ И ДР-ИЗД. АПН .РАН. 1999 Г
**38.**Narziyeva .N . va boshqalar Boshlanǵich siniflarda óquvchilarida tadqiqotchilik kónikmalarini shakillantirishda mantiqiy – ijodiy fikirlashga órgatish másálási Markaziy Osiyo pedagogika fanida olim ., Nukus .QDU , 2015-yil .
**39.**Pirniyazova .N.V. Modulnie obuchienie velenie vremeni vkn , vedushiy ucheniy v pedagogicheskoy nauke Tsentralniy Azii , Nukus KGD , 2015 . G .
**40.**Urazimova . T. Bilimlendiriw tarawında innovaciyalarda endiriw máseleleri , Jurnal . Ilim hám jámiyet , № -2 ,2014.
**41.**Farberman .B.L. Peredovie pedagogicheskie texnologi . T.Fan , 2000- j.